
BABAD PAKUAN
ATAU
BABAD PAJAJARAN
II



BABAD PAKUAN
ATAU
BABAD PAJAJARAN

II



Diterbitkan oleh:

PROYEK PENGEMBANGAN MEDIA KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
JAKARTA
1977

KATA PENGANTAR

Dalam rangka melaksanakan pendidikan manusia seutuhnya dan seumur hidup, Proyek Pengembangan Media Kebudayaan bermaksud meningkatkan penghayatan nilai-nilai budaya bangsa dengan jalan menyajikan berbagai bacaan dari berbagai daerah di Indonesia yang mengandung nilai-nilai pendidikan watak serta moral Pancasila.

Atas terwujudnya karya ini Pimpinan Proyek Pengembangan Media Kebudayaan mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada semua fihak yang telah memberikan bantuan.

PROYEK PENGEMBANGAN MEDIA KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

PIMPINAN

DAFTAR ISI

Halaman

Kata Pengantar 3
Daftar Isi 5
Keterangan Singkat 7
XXXVIII. Mijil 13
XXXIX. Pucung 17
XL. Dangdanggula 21
XLI. Magatru 25
XLII. Sinom 28
XLIII. Asmarandana 32
XLIV. Kinanti 36
XLV. Durma 40
XLVI. Pangkur 44
XLVII. Dangdanggula 48
XLVIII. Sinom 52
XLIX. Durma 56
L. Kinanti 61
LI. Asmarandana 65
LII. Mijil 69
LIII. Dangdangggula 72
LIV. Pangkur 76
LV. Sinom 80
LVI. Kinanti 84
LVII. Durma 88
LVIII. Dangdanggula 92
LIX. Asmarandana 96
LX. Pangkur 100
LXI. Sinom 104
LXII. Pucung 108
LXIII. Durma 113
LXIV. Kinanti 117

LXV. Sinom 123
LXVI. Asmarandana. 129
LXVII. Pangkur. 133
LXVIII. Durma. 138
LXIX. Dangdanggula 143
LXX. Asmarandana. 148

KETERANGAN SINGKAT

A. NAMA NASKAH

Transkripsi ini diambil dari wawacan *Babad Pakuan* atau *Babad Pajajaran*. Pupuh yang digunakan hanya 9 macam yaitu: *8 sekar macapat* atau *sekar alit* (Kinanti, Sinom, Asmarandana, Dangdanggula, Pangkur, Durma, Pucung dan Magatru) dan *1 sekar Macatri* atau *sekar Tengahan*, yaitu Mijil.

Naskah ini merupakan saduran dari babon yang lebih tua. Menurut penjelasan penulisnya, bagian pertama sampai penobatan Siliwangi (mungkin juga dimaksudkannya Guru Gantangan, karena ia hanya menyebutkan Sang Nata), disebut *Babad Ratu Sunda* yang menjadi pegangan silsilah para Bupati Priangan. Sejak periode *burak Pajajaran* sampai pemerintahan Geusan Ulun di Sumedanglarang disebut *Babad Sumedang*.

Babon yang dijadikan sumber kutipan mulai ditulis pada hari Rabu tanggal 6 Jumadil Akhir tahun Dhal, Hijrah 1230 (Masehi 1816), dan selesai pada hari Kamis tanggal 8 Muharam 1231, Hijrah 1231 (Masehi 1816). Disempurnakan pada bulan Rajab tahun Bo, Hijrah 1232 (Masehi 1817). Jadi pada waktu Sumedang didalemi Pangeran Kornel (Aria Kusuma Dinata).

Penulis naskah sendiri memulai pekerjaan pada hari Minggu tanggal 21 Jumadil Awal, tahun Je, Hijrah 1278, dan selesai pada hari Sabtu tanggal 22 Syaban tahun itu juga; bertepatan dengan tanggal 22 Februari tahun 1862 Masehi.

B. BAHASA DAN EJAAN

Bahasa yang digunakan Jawa Sunda yang pada dasarnya masih sama dengan naskah-naskah atau dialek Cirebon. Sintaksis dan gaya bahasanya kelihatan Sunda. Seperti juga halnya dengan

ejaan bahasa Jawa di daerah pantai Cirebon, tampak adanya ejaan yang tidak konsisten, terutama pada penggunaan konsonan *d* dan *dh*. Demikian pula *t* dengan *th*. Huruf yang digunakan adalah *cacarakan Jawa* dengan unsur-unsur yang lebih tua, karena ada beberapa huruf yang dalam cacarakan Jawa Barat tidak terdapat, yaitu: *ṭa* ( ), *pha* ( ) dan *ṣa* ( ).

Penulisannya rapih meskipun di sana sini ada beberapa kekeliruan akibat kepenatan dan kepegalan tangan yang umum dan tidak dapat dihapus. Beberapa huruf kadang-kadang ditulis hampir sama bentuknya *(ha* dengan *ta, da* dengan *nga, pa* dengan *ma, na* dengan *sa, ba* dengan *ka).* Juga tanda *taling (paneleng)* sering sama bentuknya dengan tanda *wisarga (Pangwisad).*

C. ISI NASKAH

Bagian pertama mengisahkan keadaan pulau Jawa yang masih kosong sebagai pengantar untuk permulaan berdirinya kerajaan Galuh. Bagian ini ditutup dengan penobatan Prabu Siliwangi. Sebagian besar bagian ini berisi kisah Aria Bangah (Rahiang Banga) dengan Ciung Wanara (Manarah) dengan mengikuti pola babad yang umum yang mengarah kepada pembagian kekuasaan di pulau Jawa antara Majapahit dengan Pajajaran.

Inti kisah *Babad Pajajaran* (sebenarnya lebih tepat dinamakan *Wawacan Guru Gantangan),* sangat mirip dengan lakon Mundinglaya Dikusumah. Sumber kisah ialah: Mimpi Prabu Siliwangi. Guru Gantangan pun naik ke langit; juga pernah mati dan hidup kembali. Dalam pengembaraannya ia diiringi oleh *Gelap Nyawang* dan *Kidang Pananjung* dan dalam perjalanan mencari *Ratna Inten* (Mimpi Prabu Siliwangi) ia menaklukan *Yaksa Jongrang Kalapitung.* Perbedaan hanyalah pada tokoh ibunya. Ibu Mundinglaya disebut *Padmawati,* sedangkan ibu Guru Gantangan bernama *Kentringmanik Mayang Sunda.* Akan tetapi nama Pad-

mawati justru unik, karena tidak terdapat atau tercantum dalam sumber-sumber lain yang menyebutkan istri-istri Siliwangi. Sebaliknya nama Kentring Manik Mayang Sunda banyak disebut dalam sumber lain, termasuk kropak 410 *(Carita Ratu Pakuan)* yang menyebutkan secara lengkap para istri Ratu Pakuan.

Pamongmong Guru Gantangan ada tiga orang dengan Purawa Kalih. Di kalangan masarakat Bogor ia lebih populer daripada Gelap Nyawang dan Kidang Pananjung, karena salah satu patung kuno di daerah Batutulis dikenal penduduk setempat sebagai *Patung Purwakalih*. Perbedaan menyolok antara lakon Guru Gantangan dengan Mundinglaya, hanyalah terletak pada *bumbu ceritera*. Kisah Guru Gantangan lebih lengkap dan lebih romantis. Satu gejala perbedaan yang umum dan logis antara tradisi (lisan) pantun dengan tradisi (tertulis) babad: dengan membandingkan posisi masing-masing terhadap tokoh Siliwangi posisi sekunder dalam hak waris dan posisi sebagai pengganti setelah perjuangan dan penderitaan yang berat), dapatlah diambil kesimpulan, bahwa tokoh Guru Gantangan (dalam babad) sama dengan tokoh Mundinglaya (dalam pantun).

Dari segi lain, ada indikasi bahwa tokoh Guru Gantangan sama dengan tokoh Surawisesa dalam kropak ceritera Parahiangan. Ia adalah keponakan Sang Murugul penguasa Sindang Barang yang terkenal sebagai Senapati (pamuk) Pajajaran, Mantri Agung Murugul ini terkenal dengan sebutan Surabima. Dua di antara empat orang putranya bernama Sura Subat dan Surakandaga. Dalam suatu negara yang rajanya beristeri banyak (menurut naskah ini, istri Prabu Siliwangi ada 151 orang), kedudukan putra raja menurut garis ibu sangat menentukan. Mungkin predikat *sura* ini berasal dari kakeknya (ayahnya Kentring Manik). Bila benar Guru Gantangan identik dengan Surawisesa, ia cukup menarik untuk disoroti dari segi sejarah; sebab kemungkinan tersebut akan menetapkan Guru Gantangan sebagai peran utama

dalam tiga peristiwa besar. Pertama Guru Gantanganlah yang membuat prasasti Batutulis di kota Bogor yang mengabadikan silsilah dan karya-karya Sri Baduga. Kedua, Guru Gantanganlah yang memimpin perutusan Sunda ke Malaka dalam tahun 1512 dan 1521 untuk menemui Alfonso d'Albuquerque. Ketiga, Guru Gantangan pulalah yang membuat perjanjian dengan Portugis (perutusannya dipimpin oleh Hendrique de Leme, ipar d'Albuquerque) di Pakuan pada tanggal 21 Agustus 1522. Jadi dialah yang disebut sebagai Ratu Samiam [Ratu (daerah) Sangiang] dalam berita Portugis. Masa pemerintahannya pun dapat ditetapkan, yaitu antara 1521/1522 — 1535. Dalam naskah ini ia dilukiskan sebagai salah seorang yang banyak melakukan pelayaran. Semua ini untuk menetapkan kebenarannya masih memerlukan penelitian lebih lanjut.

D. GAMBARAN PENULISNYA

Yang juga cukup menarik ialah pengetahuan penulis yang luas tentang *jenis kesenian dan senjata.* Hal ini minimal dapat dijadikan gambaran pada jamannya (abad ke XIX awal) tentang jenis kesenian yang hidup di masarakat dan jenis senjata yang biasa digunakan dalam perang waktu itu. Ia pun tampaknya seorang pencinta laut. Penulis naskah akan segera, tenggelam dalam keasikan bila ia melukiskan keramaian *seni, pelabuhan* dan *perang senapan.* Dikhayalkannya pelabuhan Siem itu, seperti Pamanukan. Dalam pengembaraan Guru Gantangan, tidaklah kita jumpai petapa atau pendeta seperti biasanya terdapat dalam naskah-naskah Sunda yang kemudian, melainkan selalu kita temukan *nakhoda* dan *syahbandar.* Pengawal pribadinya yang utama

pun kakak beradik penguasa laut (Dewa Sagara dan Buta Sagara). Gaya pantai ini tampak pula dalam bahasa serta ejaannya.

E. TRANSLITERASI

Karena naskah berbentuk pupuh, kekeliruan yang terjadi pada umumnya terletak pada kekurangan atau kelebihan *guru-wilang*, bahkan juga kekurangan pada *lisan*. Untuk kekurangan diadakan *addenda* dalam tanda ( ); untuk kelebihan diadakan *disenda* dengan tanda / /.

Nomor *pada* (bait) dari 1309 meloncat ke nomor 1340. Hanya kekeliruan nomor saja; naskahnya tetap berurut (tidak terlewat).

Vokal o (ejaan biasa eu) dalam terjemahan dipakai khusus bagi nama-nama diri. Karena bahasa Jawa tidak mengenal vokal tersebut, maka dalam naskah vokal tersebut diubah menjadi e (pepet):

örön	menjadi	*eren*
hölang	menjadi	*elang*
badör	menjadi	*bader*

Kemudian *löhöng* (mending) diubah menjadi lohong dan dölö (lihat) menjadi *dulu*.

Istilah babad dalam kesusasteraan di Jawa Barat merupakan gejala yang umum dalam abad ke XIX dan awal abad ke XX. Dalam abad ke XVI — XVIII, istilah yang digunakan biasanya "carita". Istilah *sejarah* digunakan di Banten dalam abad ke XVII, tetapi di Priangan Timur baru digunakan oleh para pengarang dalam awal abad ke XX.

Bahasa yang digunakan adalah "Bahasa Jawa Cirebon" abad ke XIX dengan campuran unsur Sunda, sehingga banyak kata-kata yang tidak dikenal oleh orang Jawa dan orang Cirebon dewasa ini. Juga dalam kamus-kamus bahasa Jawa.

PENYALIN

Drs. Saleh Danasasmita
Drs. Atja
Drs. Nana Darmana

XXXVIII. M I J I L

913. Héh kang rai kakang takon aris; dén tatéla alon; lan maningé kena apa mangké; oléh matur awor lawan tangis; rambut tiwul busik; Kentringmanik matur.

914. Inggih raka langkung kula sakit; datan émut raos; sakalangkung lali kula mangké; baya kakang boten miarseki; kula ambedagi; dhateng sang aprabu.

915. Apan kakang putra ndika mati; dén pateni mangko; pinatenan denira sang kathong; purwa pitnah ki Bramanasakti; malah kang ngebruki; dhateng sang Murugul.

916. Yén wus teges ing pratelanéki; abang sarirané; sarta peteng iku paningalé; alam dunya ora katingali; gero anggregeti; kadya banteng ngamuk.

917. Yén makaten si kakang metoni; miang dina mengko; dhak sun rejeg wong Pakuan kabéh; sumawona ingkang mitenahi; sun tan dék dhegisik; dén kadiga lempung.

918. Dopi ajeng nindak dina iki; Kentringmanik alon; nembah matur dhatenging rakané; kula ajeng ngampohi rumihin; kakang mandheg dhingin; aja gemen maju.

919. Ajeng nindak sang Murugul mangkin; dén adhanging mangko; Kentringmanik (ris) pangungkarané; krana tiang malikat samangkin; dhatening sang aji; tan saged puniku.

920. Ila-ila ujar wong karihin; tilok ujar mangko; Kentringmanik langkung mondhé mondho; sang Murugul rerep benduneki; karaosing ati; leres rainipun.

921. Wis kamanah pihatur kang rai; sang Murugul mangko; sigra animbali ing putrané; kang sakawan iku kathahnéki; panakawan mami; kang wasta pun Iud.

922. Iud sira lungaha dén gelis; lunga dina mengko; undhangena anak ingsun kabéh; Surasobat iku kang karihin; Surakendhagéki; Kanduruan iku.

923. Kaping paté Sedhijaya malih; inggih nun kahartos; tan antara aglis palayuné; nulya dhateng ing putra sakalir; kang putra lumaris; dhateng ramanipun.

924. Katingalan dhateng ramanéki; lan ibuné minge; nulya nabda sang Murugul alon; Surasobat Surakendhagéki; Kanduruan maning; Sedhihjaya iku.

925. Mulaningsun ngundhang sira gipih; kang sakawan mangko; ingsun awéh wruh ing sira kabéh; yen dulurmu Gru Gantangan mati; mati dén paténi; déning ramanipun.

926. Surasobat kaget matur aris; dhatenging ramané; kados pundhi rama rai tolé; Gru Gantangan mila pun pejahi; déning ramanéki; kaula yun weruh.

927. Lan punapa kaluputanéki; Gru Gantangan mangko; angandika Mrugul ing putrané; embuh ingsun ora weruh mangkin; ing wiwitanéki; takon ing bibimu.

928. Kentringmanik pan sumaur aris; anakingsun kabéh; bibi uga tan wruh ing purwané; kang papajar mring priangga mami; tan wruh bongkotneki; malah pethitipun.

929. Wis srog baé ing pungkuring bibi; pak baé pawartos; Kentringmanik ora nemu wartos; yén si Guru Gantangan wis mati; ingsun kang maténi; sun dulu sang prabu.

930. Ingsun wa(ng)sul baé temeniki; kang menja ramané; kaperengen mangké ing sang katong; dhuhung tinibakaken tumuli; rampung tenun mami; dén tibani dhuhubng.

931. Sumbar-sumbar sang nata ming mami; sira ngamuk age; goroh baé duwe anak mangko; anak mati ora males mati; wadon candhaléki; mula purik ingsun.

932. Tenun rampung saparkaranéki; malih kapindhoné; lan wartane si tolé pejahé; tan pantara ingsun ngunus keris; nulya den parani; malempat sang prabu.

933. Aja padha cok ananakoni; sok wus wruh pisani; sabab ingsun iku padha takon; tuli ana kang nakoni maning; laut tan patepi; gunung tan patutug.

934. Tan antara anjog mring jro puri; sang nata lebu jro; pagulingan iku umpetané; rai ingsun den kepungi selir; ingsun ora olih; Rajamantri buru.

935. Nulya nyekel rambut dén kukuhi; sun sung tobat mangko; toli ingsun pan dén uculaké; nulya ingsun rasa wirang isin; toli ingsun mulih; mara ngkéna kacung.

936. Yén samengko mula sun undhangi; wong papat sakabeh; Surasobat Srakandhaka roro; tunggonana iku lawang aglis; bok kongkonan nagri; teka mréné iku.

937. Lah yén teka kongkonan negari; inebena agé; Kanduruan Sedhihjaya roro; bibi singidakena mariki; sigeg Kentringmanik; Rajamantri mucung.

XXXIX. P U C U N G

938. Rajamantri ratu angandika arum; héh garwa sadhaya; para padmi lan selire; kula undhang inggih sumongga sandika.

939. Mulanipun kaula parentah gupuh; kula sung parentah; padha metone nak uwong; pan sadhaya padha medal siji ewang.

940. Enggo ngupah Kentringmanik purikipun; lumayan kentasa; juru nutu pangundhange; gih sandika sadhaya asaur manuk.

941. Ratu Rajamantri angandika arum; héh Jamang Kararas; Sepet Madu sakalihe; inggih nuhun wonten ajengan.

942. Emban inya mangko ingsun kon amantuk; gawanen titiang; enggonena monde-monde; Kentringmanik aja purik lawas-lawas.

943. Gih sumongga matur nembah nulya mantuk; tan kacatur marga; catur wus praptane bae; sampun pedhek sadhaya ming Sindangbarang.

944. Katingalan wau ingkang jaga pintu; kakalih pacalang; wau punika namane; sakalihe namane Surakandaka.

945. Atatakon estri (saking) pundhi rawuh; e(ng)gal malebua; sadhaya malebeng jero; kang anggiring Kanuduruan Sedhihjaya.

946. Tinakonan dening Kentringmanik gupuh; denawe sadhaya; sakabéh agé marene; medhek nembah Sepet Madu Jamang Kraras.

947. Inggih raden kaula pinotus ratu; pangandikanira; inggih kawrat kula mangke; ngaturaken punika warni titiang.

948. Tiang estri lumayan enggo /jru/panutu; dening ge pangedhang; atanapi ge panyapon; lumayanan kang rai ja purik lawas.

949. Dewi Kentringmanik mangke sauripun; inggih lewih enak; raka Rajamantri linge; mongsa bodho dadi padmi langkung bisa.

950. Tan antara Kentringmanik ladhingipun; enggal dipun candhak; pawongan age marene; tan talangke sungute den iris pisan.

951. Irungipun kupinge wus padha rumpung; nulya sinauran; padha diken mulih bae; haturena marang Rajamantri ika.

952. Tan andangu emban amit medal gupuh; lepas lampahira; irung rumpung sakarene; sampun prapta emban jog karaton sigra.

953. Sira emban Jamang Kraras Sepet Madu; Rajamantri mojar; emban pareka marene; boten tegas piatur para pawongan.

954. Dadi bindheng sabab irung sampun rumpung; kadi p/a/ran temena; Kentringmanik ku lampahé; ora olih mengko dén jak kebecikan.

955. Iya huwus kudhu dén henengeniku; ja dén upah-upah; primen ing karepé baé; sigegena para garwa ing jro pura.

956. Kang kocapa Kentringmanik linggihipun; wonten Erenbarang; kalangkung sedhih ki(ng)kiné; brangta wuyung siang dalu tan anéndra.

957. Tan adhahar nangis sambat putranipun; Mas Guru Gantangan; tingalana ing si embok; bapa kyai banjuten si ibu ika.

958. Pan kawayang polah Kentringmanik iku; langkung resakira; Kentringmanik sarirane; katingalan kang gigir mung kantun tulang.

959. Tan adangu sang putri amendet banyu; langkunging bramatya; putri raraup karsané; sang Murugul anulya anyandak toya.

960. Tan antara angandika sang Murugl; dék waspadhakena; Kentringmanik sarirané; awakira mengko dadi agring payah.

961. Aluk legakena baé manahipun; payo nanggapana; barong ta ledhekan ronggéng; golek ogel réog angklung riringkigan.

962. Masing akéh lamun wengi nanggap pantun; atawa trawangsa; kecapi lan karindingé; nanggap gemblung biola lan salawatan.

963. Soténh lamun uwis ana lebenipun; umpamane ika; lamon ana Jawa baé; nanggap wayang tanjidhor lawan mamaca.

964. Sang Murugul siang dalu kumpal-kumpul; sagala gamelan; gong dhegung rénténg salendro; lohong pelog sakati kalawan mongga.

965. Sang Murugul sakalangkung gagahipun; anukaken manah; anglilipur ing rainé; kang dén pambrih dadi ilang aralira.

966. Pambrihira dadi hilang ngenesipun; tan lipur kang manah; tansah émut ming putrané; pan kasigeg Kentringmanik dipun dhangdhang.

XL. DANGDANGGULA

967. Kang kocapa Guruputra krihin; kang alenggah kasawarganira; pethiting langit linggiha; pojog srangéngé muhung; marcapada kang dén tingali; dhateng halimunan; nyaur jroning kalbu; apa gara-garanira; marcapada peteng lamun sun tingali; pan dén waspaosena.

968. Dhateng andap katingalanéki; Radén Guru Gantangan katingal; nang siti gumuluntungé; soring waringin kurung; pangethokan pernahé iki; Parwakalih Glap Nyawang; lan Kidhang Pananjung; tinalen rinangkep tiga; pan ginantung kukuh pethiting waringin; mang kasangsaranira.

969. Sang Guruputra Yang Bayu angling; anak ingsun si Guru Gantangan; welas temen ingsun mangko; ningali wong kadyeku; dén lalara wong papat mangkin; pan luwih kaniaya; punika sang prabu; prabu Siliwangi ika; téga temen marang putra anglarani; lah kono silih apa.

970. Guruputra gupuh ngayuh angin; sindung topan dipun demokena; dhateng waringin parané; tan pantara dhumawuh; pan gumuruh sawaranéki; narajang ing mandira; punggeling pangipun; pamongmong katiga tiba; dhateng lemah pan burak tatalinéki; Parwakalih anjola.

971. Pan jijingklak anjungkil jampalik; lok ingsun wus wudhar; pitulung ki angin gedhé; sarya ngetut meruput; Kidhang Nanjung sumaur aglis; hé kakang ulukutan; ora lara ingsun; gudhabik hong saurira; Parwakalih yén mangkono lara beli; balungmu tugelana.

972. Angling Gelap Nyawang ja baribin; bok Ki Ponggang mengko kawenangan; rerempugan sabaturé; lah minggat payu batur; pupung ora nana ngudhani; ngucap Guru Gantangan; kakang aku milu; milu minggat bareng kakang; aja ninggal wangsulana Parwakalih; babathang sumaura.

973. Ingsun iki padha rerencepi; dén turuta anggotong babathang; dadi ribet lalakoné; poma kakang sun milu; kula kakang aja tinggali; nya iki keris kakang; tampanana gupuh; Parwakalih nampi sigra; lah iki ta (kerisku) ketemu maning; Si Cendo keris ingwang.

974. Masih ana pangaruhé iki; ora gelem tinggal palayua; punika sing bandarané; lah si tanurang iku; masih ana pintereng iki; dhasar wong bagus rupa; tur putra sang ratu; mung gagalé sapunika; buntung tangan sarta kalih buntung sikil; lah kaprimen Kang Mulya.

975. Lah tanurang apa mulanéki; keris ingwang mula kagemingka; matur Gru Gantangan alon; dén silih baé ingsun; dhateng uwa Ponggang rumiyin; sun arep enggo jimat; ing kéné sun catur; wedi julilah lan sétan; sumaura mangké kakang Parwakalih; yén si tuhu tanurang.

976. Kedhah mily tolé minggat mangkin; iku baé Nanjung Gelap Nyawang; uculana ku sarané; sing pang wringing prunggulu; ko gawanen maréné aglis; lah katut pangé pisan; enggo gotong mikul; anggotongi sira radyan; Kidhang Nanjung kalih Gelap Nyawang kaki; kang gotong sĩ tanurang.

977. Parwakalih dhangdhanana aglis; nulya budhal padha rerencepan; budhal sasireping uwong; Parwakalih sing pungkur;

dadi mandor tur nganggo keris; ngiringaken gotongan; Parwakalih nyaur; batur ribet temen lampah; wong aminggat anggawa babathang jalmi; lok untal ajeng macan.

978. Tan pantara macan putih prapti; lagi liwat tur kapapag pisan; gotongan dén /hé/bruki baé; Parwakalih sumaur; héh sang macan ingsun wéh iki; panganena ming sira; sang macan malayu; malempat kabina-bina; kikidhangan nyembur-nyembur wadhuknéki; kauk sarta malempat.

979. Saurira kang Parewakalih; lahing apa lah wong sun tingalan; kapati-pati lempaté; macan kayapa iku; ajana pon gelem mangseki; dén untala dén pangan; teka wendgi matur; Nanjung Nyawang juputana; gotongané manawana warak putih; tibakena dalaran.

980. Manawana gelem warak putih; tan antara warakputih prapta; lok iku Nyawangwarakė; den tujahana gupuh; gotongané ming warak pulih; Parwakalih angucap; warak putih iku; papanganan lewih énak; anulya warak angrungu sarya lirik; gebos aglis malempat.

981. Lahing apa iku warak putih; lonjong botor malempat ing alas; kalangkung-langkung wendginé; lah kenang apa iku; macan warak sangeting wedi; tolé meneng kentasa; angrarasa iku; Nanjung Nyawang juputana; gotongané anulya lajeng lumaris; kasigeg jang lalampah.

982. Kawarnaha Guruputra iki; tebeng lenggah wonten ing gagana; wiati mangké linggihé; ningali ing soripun; katingalan kang putra mangkin; Radén Guru Gantangan; kasangsayeng laku; dé-

ning pamongmong kang tiga; dikon untalana dhateng macan putih; kon untal warak petak.

983. Sang Guruputra Yang Bayu mangkin; mangké gupuh anggedhog sarira; jleg dados rewondha gedhé; sagudel maheseku; jujuluké sang wonten andap; karsa ngadhang lakuné Par(e)wakalih; kapegat lampahira.

XLI. MAGATRU

984. Buyut Duging nulya angandika arum; héh samangke Parwakalih; prénékena si toleku; kén parek maring puniki; Parwakalih nulya tinon.

985. Parwakalih kagyat pan samya andulu; yén wonten rewandha putih; sagujeling gedhénipun; Jung Nyawang wanara putih; manawi ya iku mangko.

986. Sugan gelem harambasa marang iku; babatang srog dénebruki; dhateng sang réwandha gupuh; anabda sang Buyut Duging; héh Parwakalih samangko.

987. Aja tambuh mangko sira marang ingsun; yén bisikan ingsun iki; Buyut Ducing sedya nulung; ming Guru Gantanganéki; misakaken temen mangko.

988. Wong dén kaniaya déning ramanipun; sumaur Ki purwakalih; mangkono abané iku; abané rewandha putih; marang Nanjung Nyawang mangko.

989. Uculana ing tatalinė puniku; gotongan den urak aglis; Guru Gantangan wis ucul; ngandika sang Buyut Duging; marang Parwakalih alon.

990. Guru Gantangan anulya pina(ng)kon gupuh; dén Kidhang Pananjung aglis; Nyawang nyekelena iku; Parwakalih anéng wingking; Parwakalih lahing mangkon.

991. Parwakalih néng pungkuré déwa iku; Buyut Duging ngandika ris; mara sun gendong sing pungkur; wong papat ana ing gigir; Parwakalih gepel mangko.

992. Gépélana iku marang buntutipun; Parwakalih amangsuli; lah énak maning wakingsun; nanging robet aja ngising; Guru Gantangan ngandika lon.

993. Ja carewéd kakang tambuh lakunipun; aja sambéwara iki; sang Buyut Duging tan dangu; anggendong wong papat aglis; payu muluk dina mangko.

994. Buyut Duging andedel pratiwi gupuh; anggupuh akasa aglis; mesat madya gantang luhur; seot sumparan jog prapti; jog sawargaloka dodok.

995. Angempera haturé sang buyut iku; jog (dhateng) nibani mangkin; jamban rarangan (a)nurub; pancuran tamaga wilis; siwur salaka semijo.

996. Panadahé jolang kancana amancur; tatapakané gong Jawi; nunten ngandika sang buyut; mara tolé turun aglis; atutaneng kéné dodok.

997. Anang watu kumalasah dodokipun; ingsun ta arep (a)mulih; marang panglinggian ingsun; Guru Gantangan matur aris; inggih sumongga ramangong.

998. Buyut Duging nulya amalesat gupuh; dhateng gagana wiati; mantuk jog kayanganipun; anyipta srangéngé mangkin; pipitu kathahé sumong.

999. Langkung panas prabawané anunuju; dhateng karang widadari; widadari pan kawuwus; la bebethék widadari; ing madé panggonan mangko.

1000. Lagi (kempel) dhamel menteng (sadu) dulur; ana geleng siwung minji; ana ngantih ana nenun; ana nyelep abang kuning; kayas jingga remu ijo.

1001. Lah ing kono kapanasan sumob langkung; pangbareping widadari; nulya angandika arum; wastané Nyi Kentengmanik; Mayang Ringgit iku mangko.

1002. Masih wonten wastané ing lajengipun; Saken Sekar Saruni; héh rai-rai sadarum; rasa kakang panas luwih; sumub panas banget mangko.

1003. Apa iki gara-garané puniku; baya mara dén tingali; warnané mengko ming duhur; srengéngé kaprimen iki; biang ora kuat sumok.

1004. Padha geger widadari pan gumuruh; wastané sawijiwiji; dhangdhayang kawitanipun; terusna Layangkirnéki; sang Gegermayang kapindho.

1005. Manikrarang iku kaping tiganipun; Mayanglénggang pingpatnéki; Mayanglarang limanipun; kaping nemna Ganagini; Salang Sagiti samono.

1006. Wis pipitu Robaning Angin kawolu; Wirumanangge sangéki; gih raka-rai sadarum; rai jeng ngandika ugi; nyaur padha pra wong anom.

XLII. S I N O M

1007. Raos ingsun langkun panas; sumaur Nyi Kentengmanik; yen (sing) mangkono rasanya; payu kanca rai-rai; maturing rama mangkin; maranging Bathara Guru; mit ahus ing talaga; widadari saur paksi; gih sumongga raka jeng dika matura.

1008. Kentengmanik matur nembah; nuhun Yang Guru kulamit; ajeng adhus ing talaga; pagu/ng/po/ng/na widadari; bathara anauri; iya becik Kenteng ahus; nanging puniki kembang; lokatmala go susumping; dening sira Kentengmanik hatur sembah.

1009. Lah rama inggih punapa; kaula nganggé susumping; ajeng sampun nganggé kembang; andikane Yang Pramésti; lah ora Kentengmanik; sira enggo baé iku; Kentengmanik mangkana; kembang gupuh dén tampani; hadhan sigran sinumpeling gelungira.

1010. Kentengmanik wis anyandang; kembang dén anggo susumping; Bathara Guru tumingal; rajaputra kang dén lingling; bagus temen nak mami; bagus sakalangkung-langkung; sang Guru angandika; marangan Nyi Kentengmanik; lah menyanga Kentengmanik marang taman.

1011. Sarta bareng rencangira; sakabeh aja na kari; widadari matur nembah; sadhaya jog prapteng warih; sinjang padha dén bruki; nulya dhateng pangkonipun; pangkon Guru Gantangan; pinggiring taman géniki; nulya siram eca enggoné sadhaya.

1012. Lagih tingkaing asiram; wonten kakosoka sikil; wonten kakosokan tangan; ciciblon silanglang mangkin; nulya kang Parwakalih; sami rajaputra ndangu; saraning kang siram; samya kéndhel Parwakalih; wong sakawan tapi boten katingalan.

1013. Widadari tan uninga; wonten tiang pinggir kali; widadari ararasan; wicantené Kenténgmanik; sun kosok rai-rai; nulya dén kosok den lulur; krana sun oleh warta; badhé laki isuniki; ujar warta wong bagus ing marcapada.

1013.a Wasta Raden Guru Gantangan; kang rai-rai mangsuli; inggih raka kudhu tunggal; krana bareng rai-rai; rai ndika sakalir; Radén Guru Gantangan rungu; kagét ing manahira; apa ujar Kentengmanik; teka ngucap Kentengmanik sapunika.

1014. Kaya wis wruh winginira; teka ngucap sapuniki; krana yun weruha ika; rupanira widadari; tembé weruhing ngriki; Guru Gantangan tan dangu; nulya ningali sinjang; sinjang para widadari; wonten kembang numpang sainggiling sinjang.

1015. Kembang pélag warnanira; nunten dénemékken aglis; astanira rajaputra; medal épé-épékneki; épék tengen rumiyin; liniling pepek sadarum; jarijiné sadaya; rajaputra nyaur aris; sabab apa ingsun ngemekaken kembang.

1016. Baya iki tangan kiwa; dipun usapaken malih; bel metu pék-épékira; wus ana sakaroneki; jariji kabéh pulih; baya dénusapi suku; bahu sakaro pisan; kiwa tengen bel amijil; wus waluya sakaroning dhalamakan.

1017. Lah dhalah sababing kembang; ana pangawasanéki; mangsa ingsun ahisina; apanggih lan widadari; widadari miarsa; galendengé swara kakung; ing watu kumalasa; para widadari géris; malajenga atapih réma kéntasa.

1018. Ngungsi dhateng sang bathara; sami sambat jerit-jerit; rama kaula tulunga; pan sadaya widadari; samya pada angungsi;

sambat rama nedha bantu; pan wontening suwara; galendeng kaya wong ngintip; swara lanang nanging datan katingalan.

1019. Sang Guruputra amiak; aji halimunan aglis; anggedhog bur katingalan; Radén Guru Gantangan aglis; kalayan Parwakalih; Gelap Nyawang Ki(dang) Nanjung; widadari angucap; tegané ana wong becik; warna éndhah anglangkungi tiang kathah.

1020. Widadari amangsula; mangsuli sinjangé aglis; nulya sami ararasan; palamarta ing tatami; sinjang kaula tedha; nulya sinjang dipun ulung; isin temen kaula; tatapih rema sakalir; rajaputra énggal mangsulana sinjang.

1021. Jeng andika juput énggal; sanajan kaula ugi; botena dhadi delahan; sinjang ingaraku géris; anulya Kenténgmanik; angraup sinjanga iku; sing pa(ng)kon Gru Gantangan; matur malih Kenténgmanik; pan sadaya dhumateng sang Guruputra.

1022. Sang Guruputra ngandika; anang apa Kenténgmanik; inggih nuhun sang Bathara; mila kula matur malih; wonten satria pekik; bagusé kalangkung-langkung; lamon mungguhing wayang; A(r)ju/r/ha emblek kang warni; malah lintang sadidik tan dhadi apa.

1023. Sang Guruputra ngandika; bok sira ora udani; lanang ing puniku iya; wong marcapada rumihin; kang kasurak wong becik; becik saking wong sadarum; Radén Guru Gantangan; putra Prabu Siliwangi; ing Pakuan sar(ta) anyakra buana.

1024. Aja dén sapalakena; payu para widadari; tumuli gawa mring karang; pawidadaren alinggih; nang madeng kancanadi;

gelar lampit ge mas murub; yén sampun tinimbalan; Kentengmanik nembah amit; sami mangsul pra widadari sadaya.

1025. Matur dhateng rajaputra; héh raka mas daweg linggh; ing karang pawidadaryan; sumangga wicantenéki; rajaputra luraris; mongmong katiga tut pungkur; widadari sadaya; anggrebg lumampah néki; guguyonan kang Parwakalih ing marga.

1026. Widadari amatura; punapa kang Parwakalih; guguyn samarga-marga; mangkono kang widadari; ala wau néng /be/ (warti?); kaula darbé kaduhung; kéh widadari siram; katungkl meneng kuléki; lenglengena kami tenggengening manah.

1027. Kaduhung ora dén gawa; nulya melempat dén tari Kentengmanik saurira; lah m/a/réné kang Parwakalih; dén parek mariki; denidhoning cangkemipun; jleg dhadi kethék pétak; kerél kerèh ngarsanéki; widadari gumuyu sami kasmaran.

XLIII. ASMARANDANA

1028. Kenténgmanik angedhoni; cangkemé sang kethék péak; jleg kura putih dhadiné; dungkal-dungkel anéng ngarsa; Kenténgmanik ris mojar; bongan Parwakalih iku; tua-tua sambéwæa.

1029. Anulya Nyi Kenténgmanik; untalaken kura pétak; dhteng taman palongkaté; dhadi mulih rupanira; sumaur Gelapnywang; lan saur Kidang Pananjung; lukutan sira ka tua.

1030. Ora weruh widadari; yén akéh(ing) kancanira; Parwakih gudhabik hong; sasampunira mangkana; pan sami lajeng lampn; Kenténgmanik lampah ngayun; kering déning widadaryan.

1031. Radén mrejaputra mangkin; munggeng tengah lampaha; déniring tiga pamongmong; tan adangu nulya prapta; marang adhé kencana; Kentengmanik nulya saur; héh raka jeng ika lengn.

1032. Dhateng madhé kancanadi; mangsuli Guru Gantangan; ggih sumangga kémawon; pan énggal susuguhira; sinungsung ng dhaharan; mupung susuguh néng ayun; suguhira kakembang-

1033. Wadhalé nampan mas adi; héh rai sumangga dhahar; iedha susuguh alon; nunten dipun sesepana; Parwakalih pan gra; anjumput kembang susuguh; dén keduk wawadhahira.

1034. Buka krepu tanganéki; saur kang Pananjung énggal; kutan si raka mangké; iku anjumputi kembang; rep dénenggo subal; dénenggo subali hulu; godhabig hong saurira.

1035. Saure kang Parwakalih; kapriyen enggon sun pangan; kudu den sesep kemawon; gumujeng pra widadaryan; mireng wicantenira; Guru Gantangan puniku; langkung bungah manahira.

1036. Hé cahandrawin amangkin; ing enggenipun adhahar; kalayan enggené sare; boten sugag-sigug manah; lir pendhah gula dharwa; marwatasuta ing kalbu; pangandika sang Bathara.

1037. Dhateng Guru Gantangan aris; dak waspadakena ika; rupa rasa dodokané; ing karang pawidadaryan; sawusa dén lalara; déning ramané puniku; kalakon gumuluntunga.

1038. Gumuluntung sor waringin; prandené tan sambat lara; dharma kumawula baé; ngan sira sang Guruputra; medeki ingkang putra; mangkatenna /ki/ri amangku; Guru Gantangan si rama.

1039. Karsa taken ing siréki; apa mangké karep sira; atawa rep males mangké; atawa sirep oraha; tingkahing den lalara; déning ramanira iku; humatur sang rajaputra.

1040. Nulya sidekung dempéni; wadana kongjeming lemah; acadong asta kalihé; inggih nuhun sang Bathara; dening putra sampean; raga tanpa pola iku; mosik tindak lampahira.

1041. Muwah kaketeg sademi; boten anglangkungi karsa; mengenglampah andédérek; satimbalan sang Bathara; Guruputra ngadika; iya becik sapuniku; pyaturé sang rajaputra.

1042. Lah agé ya Kentengmanik; rajaputra salinana; busana kang saé-saé; Rahadén Guru Gantangan; pinisalinan sinjang; nganggé lancingan nang alus; winastanan pranak bapang.

1043. Ajamang paremas adi; paningsetḗ cindḗ kembang; singel cetep mas tepiné; Kentengmanik sumaura; wahu andika rama; punika kaula sampun; wis (sa)lin nulya dhinadar.

1044. Guruputra ngandika ris; yén uwis dhandar busana; padha muwuh bisikané; iku lah sakecap séwang; lah para wdadaryan; lah inggih sumongga nuhun; sandikaning sang Bathara.

1045. Kaula pun Kenténgmanik; angaturakening wasta; Radén Jakah kawitané; kaula pun Gegermayang; inggih ngaturi wasta; Puspalaya wastanipun; kaula pun Manikkarang.

1046. Ngaturi nu bagus mangkin; kaula pun Mayalenggang; muwuh wasta Sena mangké; kaula pun Mayalarang; muwuh wasta Pakuan; pun Ganagini wuhipun; awasta Prabu kentasa.

1047. Kaula sanunggil malih; dhangdhayang Terusnalarang; ngaturi wasta samgnko; Guru Gantangan kéntasa; ngandika Guruputra; yén wis ngaturi jujuluk; waranggana siji éwang.

1048. Lah ta mara Kenténgmanik; sira dadeken jenengan; den dadi satunggal baé; Kenténgmanik haturira; inggih nuhun sumongga; titilar paparabipun; Radén Jaka Puspalaya.

1049. Nembé widadari kalih; nu bagus sing tiganira; Sena iku kaping paté; kaping limané Pakuan; Prabu kaping nem nika; Guru Gantangan kapitu; paos wasta sapunika.

1050. Lah kono neyasa mangkin; Yang Guruputra pan sigra; cakuren wulu brengose; iki menyang tampanana; wulu jéjénggotira; kakalih iku binabut; sakuren wulu salira.

1051. Tigang kuren wis katampi; dening Raden Gru Gantangan; binuntel saputangané; enggé mulih mercapada; yén wis tekéng muara; Cikrencéng muaranipun; saputangan kebutena.

1052. Keprokena Parwakalih; Kidang Pananjung Glap Nyawang; dén kebuta dadi kethek; bur bala Lebak Sapaha; pan kathahing wanara· gémén mangko dadi mungsuh; rejeg bala kasabrangan.

1053. Balané Bramansakti; sumaur sang rajaputra; nuhun sang Bathara mengko; kaula pilega manah; inggih nuhun sumongga sang rajaputra mit gupuh; yén sampun tutas timbalan.

1054. Jeng rama kang putra amit; pratigya kalih samaya; dapur pang waringin mangko; iya Pa Kiai ika; aja ta kalayatan; age menyanga dén gupuh; pangandika Guruputra.

1055. Sang Bathara ngandika ris; Kentengmanik age mara; para widadari kabéh; agé pada a(n)terena; iku Guru Gantangan; kongsi ta ka taman iku; tabet sunantun punika.

1056. Ing watu kumalaséki; kono awéh tatunggangan; bangsal kancana dén anggé; nanging kembang lokatmala; iku konen angbawa; go nelassipatenipun; ing patiné sang bagawat.

1057. Humatur Nyi Kentengmanik; lan widadari sadaya; inggih sumangga ing mangké; kang putra gih lumaksana; anjujug dhateng taman; tan adangu nulya rawuh; sarwiya kakantén asta.

XLIV. KINANTI

1058. Dewi Kentengmanik rawuh; sarencange widadari; anderek Guru Gantangan; kang Parwakalih angiring; Kidang Pananjung Glap Nyawang; gudhabik hong lah wis prapti.

1059. Kentengmanik nulya rawuh; marang ingon-ingoneki; mara jampana kancana; sira marene ya aglis; mangke ana gawenira; tan pantara nulya prapti.

1060. Nyi Kentengmanik sumaur; daweg rai anitihi; punika jempana emas; ing arsane Kentengmanik; sigra Raden Guru Gantangan; anitih jempana aglis.

1061. Widadari enggal matur; rai denantos ing margi; inggih nuhun rai emas; raka ndika kantun linggih; sang Guruputra ngandika; tole den angati-ati.

1062. Pa Kiai ja bis turu; rajaputra nuhun aglis; widadari sumaura; dhumatenging Parwakalih; den ati-ati ing marga; Parwakalih amangsuli.

1063. Gudhabik hong wangsulipun; ora bayane samangkin; wuwuh saur Gelap Nyawang; lukutan raka tueki; ra ilok sok sambewara; nang timbalan widadari.

1064. Embuh mangkonnone iku; tunggal wangsulane iki; Kentengmanik saurira; jempana rungunen aglis; anterena gustinira; Raden Guru Gantangan aglis.

1065. Enggal mega malang jujug; gupuh jampana lumaris; tumurun dhatenging andap; sakedhap anulya prapti; mabyar sangking mega malang; rajaputra nulya linggih.

1066. Sarta angandika arum; marang jampana sira glis; jampana sira mulia; ing kandhanganira lami; enggal mantuk anggagana; anjog marang pernahneki.

1067. Rajaputra linggih sampun; pamongmong katiga sami; sang rajaputra tumingal; dhateng andap dén tingali; wantu sinatria lepas; terus tingalé patitis.

1068. Paosing paningalipun; dhatenging Bramanasakti; wus satata linggihira; kalawaning ua Patih; muwah ua Kean Santang; seblak nulya aningali.

1069. Lan kang Lembujaya iku; sampun satata alinggih; layan raka Rangsangjiwa; rajaputra ngandika ris; Parwakalih tingalana; si ua Bramanasakti.

1070. Wus satata lungguhipun; kalayaning ua Patih; miwahing kang Lembujaya; sampun tata linggih (ne)ki; lan Pangeran Rangsangjiwa; payu kakang turun aglis.

1071. Kang Parwakalih amatur; duh tanurang maras mami; ora bisa mabur ingwang; wedhi mangko tiba neki; kabangeten tibanira; rajaputra ngandika glis.

1072. Kakang aja crewét iku; payu kakang Parwakalih; Parwakalih sumaura; Nyawang Nanjung payu ngiring; padha ngambah awang-awang; yen maras merema disit.

1073. Tan antara radén gupuh; lumungsur datenging siti; kocap sowara kucingan; tarik kaya mimis bedil; heong sieng ngawang-awang; jong niba ing desrendari.

1074. Rawuh ing muaranipun; leresan Cikrencéng mangkin; pamongmong masih merema; rajaputra ngandika ris; héh kakang age meleka; Cikerencéng apa iki.

1075. Parwakalih melék gupuh; Parwakalih aningali; dhateng talatahing wana; mora Cikerencéng yakti; bungah taya sekalintang; Parwakalih matur aris.

1076. Tanurang sedhengé iku; ngebut saputangan aglis; binabaraken dén énggal; pitulunge sang Bathari; si cingel dén coplok énggal; gupuh dén kebuten aglis.

1077. Sapisan pindho ping telu; kebut-kebut kopat-kapit; tusanget sampun rewondha; Lebak Sapaha ngebeki; saking kathaing rewondha; Parwakalih angeproki.

1078. Ronyét payu padha maju; sisig mungsuhira jurit; lawan bala kasabrangan; balané Bramanasakti; sawiji aja katinggal; amengsehing balanéki.

1079. Gumerbeg sarwi gumuruh; sangking kathah ronyét prapti; ting karereh ting jariplak; rindat renyoh ting jaringking; ting raregoh swaranira; angener dhateng nagari.

1080. Kandeg jawi kita iku; sarwa korda lampah néki; gémén padha pahilaran; sakur bala Bramasakti; padha dén cekot dén rangsang; ora ana kang ladhosi.

1081. Kathah bala resak sampun; balané Bramanasakti; gegere habilulungan; wong batur kapriyén iki; monyét tan wedhi ing tumbak; ora kandheg dén bedhili.

1082. Sayan galaké kalangkung; dén perangi bakot sikil; den tumbak anyakot tangan; dén suduki anginggati; lir usung-esang angrayah; tan kena dén siwalani.

1083. Héh batur sun jaluk tulung; baturé anyentak aglis; bala ampar anulunga; sun lagi dén kepung iki; monyét lagi anga-rangsang; nyakot galakna ngabelis.

1084. Akéhé wong dén kaletuk; kaya buta mongsa jalmi; Parwakalih keprokena; kang dhadi bobotohnéki; ngajokaken monyét ika; payu monyét denentongi.

1085. Wong lajeng kinepung wakul; dénubeng tan kena mijil; wong malempat dipun udag; wong malayu dén beledhing; monyét sayan lewih galak; baraja tan miatani.

1086. Bala kasabrangan lebur; rewandha kang amateni; wis ora ana kang nyongga; yudhané rawandha iki; tumpes balané Bramana; kondur sawiji tan kari.

XLV. D U R M A

1087. Kawarnaha titiang lebeting kitha; apa gégér ing jawi; kathah kang matura; warta kathah rawandha; ngamuk bala Bramasakti; wong kasabrangan; balané kathah mati.

1088. Ujar warta kethék pira-pira prapta; bala putra sang aji; Radén Guru Gantangan; kang ical ing pasiksan; kang wonten soring waringin; sabaturira; ical kalaning wengi.

1089. Wong jro kitha padha sumaur sadaya; batur dén ati-ati; mengko mréné teka; kethék bala saleksa; malah bala Bramasakti; wis padha telas; siji tan ana kari.

1090. Radén Guru Gantangan sigra ngandika; marang pragosa aglis; héh sira pragusa; kethék Lebak Sapaha; wis gawénira semangkin; nulung maring wang; mengko pulia aglis.

1091. Gémén mulih marang kahianganira; rawandha mundur malih; ilang tan karuan; sigek ingkang bodéga; kocapa Kyana Apatih; myarsa wadyanya; bala gégér ing jawi.

1092. Ana apa bocah gégér anéng jaba; humatur wadya alit; inggih nun bandara; badegang pirang-pirang; ngamuk bala Bramasakti; wong kasabrangan; tumpes kabéh wis mati.

1093. Tapi ingkang ngajokaken ing rawandha; putra dhalem ning mangkin; Radén Guru Gantangan; ingkang rumihin ical; gupuh malempat ki Patih; sing palinggian; amburu konten puri.

1094. Pan mawarah ming ki Geleng pangancingan; gémén kunci kukuhi; pan malih malempat; buru papadhon kitha; sadaya wus dén uari; mring gulang-gulang; jaganen ati-ati.

1095. Lah ing kono mengko nulya katingalan; dén Radén Rajamantri; iki anang apa; géger ana ing jaba; celuk-celuk Radén Patih; sami ngantosan; malebet dhalem puri.

1096. Inggih wonten pinten (-pinten) kang rewandha; ing jawi kitha prapti; gedéné sajalma; ngamuk wong kasabrangan; balané Bramanasakti; telas sadaya; siji tan ana hurip.

1097. Ingkang ngajokaken dhatenging rawandha; inggih putra sang aji; Radén Guru Gantangan; tan kantenan enggonya; sri naléndra ngandika ris; dhatenging garwa; héh rai Rajamantri.

1098. Ingsun wedhi temen kaparimén akal; supaya ja mariki; malebu ing pura; lah iku si wanara; bok amangsa marang mami; kudu dén warah; iku déning Kyan Patih.

1099. Supayané aja malebet jro pura; kona sadya kemiti; jaganen ing lawang; ugal papadhon kitha; Rajamantri amangsuli; ajeng kentasa; dén badhog monyét aglis.

1100. Jeng bongané priangganira sang nata; mongsa boten kapanggih; ing purwa daksina; ratu kengin sopana; mongka matur Radén patih; ing jawi kitha; inggih sampuna gusti.

1101. Gih kaula mapan sampuné siaga; koten ageng kinunci; papadhoning pura; gih sampuna den jaga; gulang-gulang angiberi; Kyan Parih énggal; gupuh malajeng malih.

1102. Jog tumedhak Kyan Patih dhateng kang putra; Pangéran Rangsangji-jiwéki; héh angger pangéran; yén dhateng rai ndika; Guru Gantangan ning mangkin; ambakta bala; rawandha kathah lewih.

1103. Dika sampun tumut amungsuha ika; kedah pitembuh mangkin; lah inggih sumongga; wicanten Rangsangjiwa; najan salebeting ati; kaula ua; harah makaten mangkin.

1104. Lah ing kono iku Radén Lembujaya; mireng wicantenéki; Raden Patih ika; punika Lembujaya; lesu lupa sriranéki; ajrih kalintang; Lembujaya awedhi.

1105. Wis mangkana Radén Patih mriksakena; iku kontening jawi; héh ta gulang-gulang; sawisa ingsun medhal; ming jero agéa kunci; denap(r)a/p/yitna; iku lawang kukuhi.

1106. Nun sandika pihatura gulang-gulang; inggih sampun kinunci; lawang dén kukuha; inggih sampun siaga; tan adangu nulya prapti; Guru Gantangan; mongmong katiga ngiring.

1107. Nunten jebul ing lun-alun praptanira; nunten jog pancak saji; Radén Guru Gantangan; ningal dhateng pasowan; katingal Bramanasakti; lagi linggia; wontening korsi gadhing.

1108. Pan denawé dening Radén Guru Gantangan; héh ua Bramasakati; énggal mréné ua; kangen temen kaula; tabet sasarengan mami; kala lalampah; sareng samargi-margi.

1109. Réh kaula émut pangemaning ua; Parwakalih nauri; loh iki bagawat; lah iki bramana; loh iki Bramanasakti; pakiret dika; Bramasakti ma(ng)suli.

1110. Amangsuli bagawat gingsiring manah; andelék rondha isin; samar ing pangrasa; wonten cacandranira; wong nylih amulih maning; wong ngutang utang; kudu dén bayar maning.

1111. Kebat-kebut kaketegé ki bagawat; gnucap kaya wong ngimpi; héh Guru Gantangan; angunghak temen sira; déné anguwuh-uwuhi; dhateng maring wang; drememel cangkennéki.

1112. Wis babathang angundanga marang ingwang; apa sejamu mangkin; mengko sun atura; dhateng sri naranata; sang rajaputra mangsuli; sumongga ua; unjukaken sang aji.

1113. Sumaura bagawat dhateng Kyan Patya; dhateng Kéan Santang ling; héh raka kalihnyah; aja amitenggengan; daweg atagen ponggawi; cekelan uga; si Guru Gantangan aglis.

1114. Sumaura Kyan Patih dhatèng bagawat; préntah dika samangkin; miarsa sadaya; tapi boten tumuta; sakarsa dika pribadi; bagawat karsa; garem tarasinéki.

1115. Angandika bagawat dhateng pulunan; Lembujaya mariki; payu bareng kitha; tumuruna aperang; bareng lan adi sireki; si Guru Gantangan; Lembujaya mangsuli.

1116. Gih andika nimbali dhateng kaula; nanging tan kénging mijil; kacegat ing lawang; déning pun gulang-gulang; gulang-gulang jaga kunci; sigra bramana; kang lawang dén purugi.

1117. Kawarnaha naléndra ing datulaya; nulya ngandika aglis; dhateng garwanira; wasta Baliklayaran; sira metua ing jawi; nang papanggungan; to(n)tonenakiréki.

1118. Lembujaya bareng lawan uanira; kakang Bramana-sakti; mengko padha prangan; lan si Guru Gantangan; gih sumongga kula gusti; kinen nontona; mungkur medhaling jawi.

XLVI. PANGKUR

1119. Baliklayaran wis prapta; ming panggungan munggah sarya alinggih; déniring pawonganipun; anulya angandika; dhateng raka héh kakang sampuna mungsuh; Guru Gantangan digjaya; kudu acawis solasih.

1120. Yén kurang bujangganira; lamon tipis-tipis parajineki; yén tan ana dukunipun; pilih ingkang anyongga; dhateng Raden Guru Gantangan langkung luhung; kang bramana aja lawan; anggur malajenga tebih.

1121. Bramana asru ngandika; pan anyentak dhateng kang raneki; sira angisini ingsun; watek wong wadon sira; ora weruh ing wawatéké wong agung; aja kayani bagawat; malayu di bocah cilik.

1122. Sumaur Baliklayaran; ajengipun yen tan angsal pinenging; kakang kaprimen karepmu; kula mung ngemutana; pan mangkana mung arep anonton ingsun; ing duhuring papanggungan; sebet ki Bramanasakti.

1123. Gupuh tumurun ing latar; ingkang putra Lembujaya sakalih; kakanten sami anggupuh; sarwi ngunus curiga; sakalihé sarya assumbar asru; upama sira cantuka; sun upas mahulanéki.

1124. Nguwuh ing latar pasébán; wus angunus duhung sakalihnéki; héh Guru Gantangan dulu; siung bathara Kala; lah sing endi tibaneki keris ingsun; mangsuli Guru Gantangan; sumongga ua dawuhi.

1125. Yén wis katiban curiga; duhung kalih tan wandé haté keris; jajantungira pan lebur; pan jajanira bencah; dopi dipun

unggulaken kerisipun; Rahadén Guru Gantangan; gancang anampani keris.

1126. Nulya dénusapi kembang; sampun saras tatu ingkang kakalih; Bramasakti malih jujuk; tansah lan Lembujaya; tinungkulan kembang lebur dhadi banyu; Bramana lan Lembujaya; dhados lemah sangar mangkin.

1127. Ratu Mas Baliklayaran; aningali dhateng kang rakanéki; kalih ingkang putranipun; wus lebur dhadi toya; lan Nyi Baliklayaran anjrit kalangkung; murca sangking alam dunya; sangdyahkan kantakanéki.

1128. Gégér duhuring panggungan; sarencangé kocapa sami nangis; ting jarerit swaranipun; sang nata amiarsa; anang apa ing jaba gégér gumuruh; saduhuring papanggungan; Rajamantri matur aglis.

1129. Tan antara babu inya; nulya prapta matur awor lan tangis; bandara-bandara mampus; Rajamantri ngandika; bocah wadon pan aja ambarung catur; bandara-bandara tiwas; Rajamantri ngandika ris.

1130. Mara bocah wadon enggal; dén pratéla matura marang mami; inggih Rajamantri ratu; /nun/ tiwas raka sampéan; ki bagawat Bramanasakti alampus; muwah Radén Lembujaya; sareng samia ngemasi.

1131. Haturira babu inya; inggih putra samp/é/yan kang lahinguni; nalika paprangan iku; dopi Kyan(a) Bagawat; muwah Lembujaya sami ngunus duhung; dopi dipun ungulana; dhateng Guru Gantangan mangkin.

1132. Duhungipun tamengana; dening kembang langkung pélag kang warni; nunten lumer kalihipun; Bramana Lembujaya; kados toya bagawat sariranipun; Lembujaya kados toya; sumerep dhateng pratiwi.

1133. Wondénten rai sampéan; Nyai Baliklayaran anibani; kongsi kantaka puniku; ningali rakanira; kalih putra Lembujaya sami lampus; wong agung kakalih murca; haturena sri buphathi.

1134. Bocah wadon mangko sira; haturena yén ora gelem éling; si Baliklayaran iku; banget kalenggerira; sérédena sangking saluhuring panggung; buang pinggiring nagara; babu inya nulya gipih.

1135. Amit medhal dhateng jaba; babu inya jog dhateng panggung mangkin; sarta pedekan sadarum; sadaya samya garap; marang jisim Baliklayaran puniku; ingkang kapidhara ika; kaula dén tinggal masih.

1136. Dén sawang wadananira; masih émut punangkaketeg masih; nunten kang garwa sadarum; samya nyandak kang manah; ingkang tekéng kapidhara mangké iku; pan énggal pineteg; punika sariranéki.

1137. Masih mawon kapidhara; pan pineteg manahira bel mijil; weweka sing manahipun; gégér habilulungan; bocah wadon pitung puluh kathahipun; parekan sawidak lima; heh raka-raka heh rai.

1138. Kados pundi ing bandara; akalira wis kaya mangkonéki; wis metu wawekanipun; lah ia sayan dawa; ing waweka wis ana elungé iku; lah aja katungkulira; agé buangen tumuli

1139. Tan dangu nulya binuang; pan pinayang déning wong dénagelis; Nyi Baliklayaran iku; layon tinibéng lemah; pan waweka dawa dhados oyong gadhung; kunarpa Baliklayaran; murca wus awor lan bumi.

1140. Kang kocapa Kyana Patya; Kean Santang karsa malebéng puri; matur dhateng sang ahulun; nun inggih sri naréndra; mila kula asowan dhateng sang prabu; awon yén boten uninga; putra dhalem sampun prapti.

XLVII. DANGDANGGULA

1141. Radén Guru Gantangan pan aris; mila kula awon tan uninga; prakawis ponggawa mangko; Bramana yudhanipun; sampun kawon sakalihnéki; miwah putra paduka; Lembujaya lampus; kawon dén putra sampéan; Radén Guru Gantangan kalangkung sakti; bagawat tan anyongga.

1142. Purwanipun pun Bramanasakti; anyambadani abitotaa; kalayan putra sang katong; Radén Tanurang iku; boten wonten ingkang bandhingi; dopi ing ki bagawat; Lembujaya iku; bareng angunus curiga; bareng nuduk bagawat Bramanasakti; kalawan Lembujaya.

1143. Dopi tinibanan déning keris; nulya Radén Guru Gantagan ika; angusapaken jimaté; dhateng sariranipun; ki bagawat Bramanasakti; dipun ungkuli kembang; ewor badhanipun; kados malih Lembujaya; dhados toya sumerep dhateng pratiwi; layoné sampun kenas.

1437. Pan kasigek kang asuka linggih; kang kocapa Radén Margalaya; Parwakalih sabaturé; kalunta lampahipun; sangking Nungsa Cina nagari; tan dangu nulya prapta; ing pinggiranipun; ing kikisik lirénira; aningali prahu kumambang aminggir; Radén Gambuh ngandika.

1438. Kakang Parwakalih lah puniki; coba kakang iku tatakéna; prahu sing endi dhatengé; manawa olih tinut; payu numpang padha tumuli; pan juragan iku; kira kitha arep numpang; ming bahita punang juragan nauri; maranging réncangira.

1439. Héh wong konca soara punapi; tan karuan celathuné ika; samangkono karungunė; setang angibur-ibur; Radén Gambuh sumaur aris; adat si kakang ika; ngucap jampalng-jemplung; sadédéwa sambéwara; coba kula tatakon sabenerněki; Rahadén Margalaya.

1440. Nulya Radén Gambuh marepéki; sangking pinggir bahita punika; héh kyai kula tatakon; dhateng linggi sang bagus; ika prahu lah sangkin pundi; labuhana ing kana; sabandar sumaur; titiang Bali kaula; yén samangké mampir Nungsa Cina krihin; sakedhap ajeng mangkat.

1441. Ajeng mangkat dhateng Nusa Bali; awondéning takon wasta kula; Ki Nangkoda cariosé; Sabandar kalihipun; balik-balik

kula jeng uning; ing linggih jeng andika; sing pundi rumuhun; la yén sinten kang sinambat; la yén karsa jeng dhateng nagari pundi; apa dénularana.

1442. Radén Gambuh pan sumaur aris; awondéning sarira kaula; sabin tunggilis purwané; wasta kaula iku; wulangunè kang amastani; Rahadén Margalaya; ajeng ngamén gambuh; Nusa Bali kang dén sedya; mangké medhal Nusa Cina wauneki; mangké wicanten kula.

1443. Lamon lega manah dika iki; kula ajeng numpang dhateng palwa; Nusa Bali ajeng léngsér; ki nangkoda sumaur; inggih daweg karsa lumaris; wah saur ki sabandar; daweg sauripun; gupuh Radén Margalaya; minggah prahu sareng kakang Parwakalih; Pananjung Gelap Nyawang.

1444. Ki nangkoda ki sabandar iki; alelenga dhateng sira radyan; Margalaya ing citrané; ké sabandar amatur; dhumatenga nangkoda aris; yén titinggal kaula; iku Raden Gambuh; dédé uwong sowéhara; coba kakang nangkoda dika tingali; satria mijang wulan.

1445. Radén Gambuh pernahéna linggih; ing salimar gadhing penahéna; bok agepok asenggolé; dén batur ktiha iku; héh wong batur payu lumaris; gupuh sabaturira; awak-awak prahu; aglis binedhol kang jangkar; kelatira sampun padha dipun tarik; gupuh layar binabar.

1446. Tan adangu bedilé wus muni; kalantaka ki nangkoda ika; teleng rep pamitanané; buled sapisan sampun; nulya lepas panglayarnéki; palwa niup ming tengah; gunung tan kadulu; tanjungan Bali katingal; lamat-lamat sakepal katingalneki; sampun silep daratan.

1447. Radén Gambuh nulya takon aris; dhateng (ki) nangkoda nulya énggal; tanjungan pundi wis katon; sakepel kang kadulu; ki nangkoda sumaur aris; Nungsa Bali punika; jembar sitinipun; gelaring cacah salaksa; awondéning wasta kang darbé nagari; Gajah Gumeter ika.

1448. Kalih Kidang Andaru ringnéki; nanging daweg darbé kasusahan; éstri ical sadhéréké; wondéning wastanipun; Girang Wayang kang ical nami; ayuna lir déwata; dhinusta wong agung; ponggawa sing awang-awang; tan kantenan durjana ingkang amaling; Radén Gambuh ngandika.

1449. Kados pundi nagri Nusa Bali; lah puniku pan botena kathah; punika tan awisané; ké nangkoda sumaur; inggih kathah awisanéki; yén supama rahadyan; Margalaya iku; jeng lebet pakuwonira; kadah nganggo larapan raden mangsuli; inggih kantenanira.

1450. Babing mekaten mangkono mangkin; pundi-pundi nagara kang lian; gih makaten panganggéné; lah yén mangké wus rawuh; ing daratan kaula nedhi; pitandang ing jeng dika; larapana iku; anjukana ing nagara; dhumatenga mangkin ing pasowan jawi; inggih radyan sumangga.

1451. Tan antara bahita jog prapti; ing muara Nusa Bali sigra; Radén (Gambuh) ngandika lon; ki nangkoda yu mantuk; kalayatan lirening mangkin; daweg mentasing darat; nangkoda sumaur; rahadyan inggih sumongga; ké nangkoda tan dangu késah rumiyin; lan Radén Margalaya.

1452. Ingkang ngiring kakang Parwakalih; Gelap Nyawang Kidang Nanjung ika; sampun budhal sabaturé; tur bari ambarikut; prabot gambuh babaktanéki; gong kenong gendér kendhang; sa-

ron lawan kethuk; tan dangu anulya prapta; ing pasé́ban Kidang Andaru ningali; nangkoda linggih nembah.

1453. Sami gita tiang Nungsa Bali; aningali tatami punika; tiang sing pundi purwané́; dening bagus kalangkung; sami sumreg wong sanagari; sami nonton sadaya wong anom wong sepuh; lanang wadon pan tumingal; dhateng Radé́n Margalaya ingkang prapti; kalawan ké́ nangkoda.

1454. Kyana Kidang Andaru ningali; sarya takon dhateng ké́ nangkoda; sira rep apa maré́né́; ki nangkoda amatur; gih kaula jeng anglarapi; warna gambet punika; karsa ngamé́n gambuh; manawiné́ jeng sampéan; ngarsakena ananggap gambit puniki; Kidang Daru punika.

1455. Dré́ng karuan ananggap samangkin; krana (adhi) kula Girang Wayang; sari saban kadhêmené́; samngko lagi suwung; lah coabaha ingsun ningali; warna gambuh punika; Kin Kidang Andaru; mapan nulya tiningalan; ika gambuh sakalangkung saené́ki; kasmaran kang tumingal.

LIX. ASMARANDANA

1456. Kyan Gambuh warnané luwih; saéné kabina-bina; pantes luwih kabinsané; lah agé coba dhangdhana; dhangdhan sampun samakta; nulya matur punang gambuh; bandara sampun samakta.

1457. Kidang Daru ngandika ris; lah iya agé jogéda; Radén Gambuh pana agé; cinicing ning dodotira; dén éngkléh duhungira; kandilanipun mas sepuh; tinaburan inten mubyar.

1458. Sarira benyoh akuning; duren sajuring wadana; nyela cemphani bathuké; alisé angroning dimba; hidep tumengge grana, lungid uwang nyangkal putung; bahuné iku lar wijang.

1459. Pundaké naraju pasti; wentis pudak sinumpetan; gandéwa putung astané; lebet sadhaya wirasat; wirasat kang utama; réma panjang ngembang bakung; ngaleter panjogédira.

1460. Kadosing ringgit ing kelir; yén mésem sarya ngujiwat; kadosing madu tumétés; tumétés timibeng gula; géger wong kang niningal; gambuh bisa temen iku; bagus pisan rupanira.

1461. Lélewa tan aboseni; Kidang Andaru ngandika; marena ya bocah wadon; si bayi Mayang Karuna; age maréné undhang; manawa rep nanggap gambuh; kocap Mas Mayang Karuna.

1462. Langkung resak sriranéki; weteng rabet gigirira; tan adadahar tan asaré; sasira tan dahar toya; ingkang lagya kedanan; kelinganing rakanipun; dening ratu Girang Wayang.

1463. Tan dangu potusan prapti; raré wadon haturira; kula nun dén utus mangko; déning jeng raka paduka; yén dika ing ngaturan; bilih jeng ningali gambuh; gambuh anyar ing paséban.

1464. Yén bandara jeng ningali; sakalangkung saged pindhah; topéng bagus ing warnané; sumaur Mayang Karuna; bocah agé bangusla; haturéna sembah ingsun; dhateng raka kalihira.

1465. Gajah Gumeter dén aglis; Kidang Andaru kalihnya; yén semang maring sun mangko; iku topéng jurungéna; dhateng ing pedaleman; sun tanggapa iku gambuh; matur potusan sumongga.

1466. Bocah wadon nulya amit; sigra medhal dhateng jaba; nunten nembah matur alon; Kidang Andaru ngandika; endi Mayang Karuna; kang inya umatur nuhun; nun inggih rai sampéan.

1467. Wontening panedhanéki; manawi kénging sakedhap; prakawis warnining topéng; sarta semangé kang raka; marang rai sampéan; kén malebet iku gambuh; kaula ajeng uninga.

1468. Punika hatur kang rai; Gajah Gumeter ngandika; lan Kidang Andaru mangko; ingsun lagi buta repan; krana gambuh punika; warnanipun langkung bagus; si bayi ayu sembadha.

1469. Bocah wadon prandenéki; pajaréna ujaringwang; marang si bayi dén agé; sun weh jangjia sadhéla; yén si bayi rep nanggap; palakara iku gemnuh; aja liwat tengah dina.

1470. Yénsi liwat bedhug titir; aja sambat kaniaya; bagéné gawa ming jero; héh gambuh padha mianga; bocah wadon téréna; tapi aja kongsi bedhug; pajar ning Mayang Karuna.

1471. Bocah wadon nuhun inggih; sarta énggala lumampah; nulya dhateng matur alon; dhatenging bandaranira; mangké timbalan raka; prakawis puniku gambuh; sampun langkung tengah dina.

1472. Radén Gambuh nulya amit; anulya enggal lumampah; sami bubar sabaturé; Parwakalih Gelap Nyawang; Kidang Pananjung samya; sadaya sami malebu; Mayang Karuna tumingal.

1473. Sasampunira ningali; kagét jroning manahira; Dén Gambuh bagus warnané; lamona menggahing wayang; iku nyata Arjuna; réh bagus kalangkung-langkung; sumreg nonton sanagara.

1474. Mas Mayang Kruna nakoni; hé Mas Gambuh palamarta; kaula ajeng waspaos; prakawis ijeng andika; pundi ingkang nagara; sarta sinten kang jujuluk; nagara pundi dén sadya.

1475. Lan apa kang dén ulari; apa babarang kentasa; mila dhumateng marené; inggih nuhun kula Nyi Mas; reh wontening pariksa; Mangké kaula umatur prakawis lampah kaula.

1476. Kula gambuh waunéki; gambet sangking Nungsa Cina; ngarah lumayan kemawon; prih saduit seteng suwang; lumayan enggé jajan; Mayang Karuna sumaur; kaula boten pracaya.

1477. Lagi soben-sbeniki; iku botening bebarang; boten waten tiang nopéng; matur Radén Margalaya; yén meksa amariksa; yén satemen-temenipun wondéning wasta kaula.

1478. Wulanguning kang mastani; Radén Gambuh Margalaya; medhal pasabinan mangko; sabin tunggilis kang wasta; mangsul Mayang Karuna; sabin tunggilis puniku; sabin nagara punapa.

1479. Radén Gambuh anauri; kaula boten wikana; prandéné kedah kemawon; takena kang raka tua; Mayang Karuna mojar; bapa tua pundhi iku; sawah tunggilis punika.

1480. Ora hidep sawah iki; Parwakalih sumaura; makala tunggilis mangko; téspong gumaronglong ngépang; ki sapih mrilitika; kajar-kajar lasuh wuhu; iku pakis godhongira.

1481. Mayang Karuna ling aris; lah iya bapa Pakuan; si bapa yén dén pracados; Mayang Karuna amojar; yénsi lamun pareka; ing Pajajaran ta iku; arep takon bibi kula.

1482. Arep takon bibi mami; Kentring Manik wastanira; dhateng sang prabu kramané; Prabu Siliwangi ika; kang mengku Pajajaran; inggih nunten darbé sunu; putra jaler mung sajuga.

1483. Wondentén jujuluknékih; punika Guru Gantangan; weruh bapa tua mangké; inggih kaula weruha; baya wis gedhé ika; primén sami Radén Gambuh; matur Parwakalih énggal.

1484. Inggih sami angengnéki; punika sampun diwasa; kuningé sami kémawon; boyané bédané pisan; boten kirang saréma; apan sami bagusipun; padha sami ngundang sata.

LX. PANGKUR

1485. Mayang Karuna amojar; bapa iki jinisé warnanékih; Radén Gambuh pan amatur; kula boya wikana; manawia inggih pantes sapuniku; gupuh Nyi Mayang Karuna; nulya énggal marepeki.

1486. Mayang Karuna karuna; asasambat puniki adhi mami; baya wis gedhé dhi ningsun; Radén Guru Gantangan; gih katuran rai si kakang puniku; bocah wadon agé mara; dangdana susuguhnéki.

1487. Dadaharan dén akathah; sekul ulam sarta kudu dén becik; yén sira tan idep iku; iku sadulur ingwang; jujuluké puniku Rahadén Gambuh; medhal sangking Pajajaran; putra Prabu Siliwangi.

1488. Jro pakuwon paguneman; tan antara kasusul bedhug titir; tatabuan tan kadangu; topéng gamelanira; nulya abang salira Kidang Andaru; tan atilar adatira; sabaré sabawang kulit.

1489. Kidang Andaru brangasan; pan kumejot padoninglathi; pinulir babrengosipun; soca andik ngantirah; angandika dhumateng kang ra(ka) asruh; kang Gajah Gumeter kula; amit ajeng amejahi.

1490. Mejahi gambuh punika; angandika Gajah Gumeter aglis; dhi aja kaburu napsu; bok kaduhunga ika; yén amarah nyata sasar akiripun; nyatané nemahi rara; adhi sabarana dhingin.

1491. Mangké adhi élingana; krana mangko lagi ameng si bayi; Girang Wayang sapuniku; buh pejah embuh gesang; durung

kruan lagi kewuhaning laku; supamane kawuwuhan; si Mayang Karuna mangkin.

1492. Kaprimén rasaning kitha; kongsi nangis Gajah Gumeter menging; tan kena ingampah iku; Kidang Andaru meksa; nyandak tumbak ing asta kiwa dén unus; asta tengen nyandhak pedhang; gupuh malebu jro puri.

1493. Kidang Andaru susumbar; héh wong gambuh sira bosena hurip; boya ngrungu ujaringsun; sira édan kaparat; umah ingsun dén enggo bojoan iku; Mayang Karuna turira; raka mangko uga dhingin.

1494. Kaula ajeng tutura; iki gambuh daweg tutur-tuturi; sadhérék kaula iku; matur dhateng kaula; boten kampeh Kidang Ndaru numbak asru; Radén Gambuh nulya pejah; pralaya sabaturnéki.

1495. Gupuh nulya tinalenan; uwong papat rinangkepaken aglis; kosara cacakanipun; iku punang kunarpa mapan gupuh binuang ing kali agung; kabucal tiang sakawan; Kidang Andaru dén aglis.

1496. Gupuh anyandhak wangkingan; pan Nyi Mayang Karuna dipun cangking; denuntalana dén gupuh; maring jero panjara; pan kasigeg lampahipun Radén Gambuh; wonten malih kang kocapa; Nungsa Siem kang kawarti.

1497. Déning kang darbé nagara; Badhak Cina punika kang wawangi; kalayaning rainipun; wasta Mundhing Tandegan; tébéng gunem wacana lan rainipun; heh adhi Mundhing Tandegan; mangké aja énak ati.

1498. Aja katungkuling suka; tan paraos réh dué dosa iki; embuh soré embuh esuk; para ponggawa kathah; tan wandea gupuh tekané anglurug; nusul Nyi Mas Girang Wayang; kudu prayatna samangkin.

1499. Aja kasusu ing lampah; githakéna sapraboting ngajurit; wadya bala kon akumpul; agéa petingana; pra santana lulurah sumawon umbul; judipati gulang-gulang; panumping mantri.

1500. Kang pantes nyikep gegaman; ngurusaken dénwatakéna bedhil; aja awor pernahipun; tumbak pan sami tumbak; muwah pedhang kalayaning kepengipun; bandrangan padha bandrangan; pestul panewek suligi.

1501. Cis tohok ta lempeg pisan; muwah tumparing kalawan(a) bandhring; brangkolong panah lan tulup; lawan kang tatabuhan; gong badingdang suling beri kendhang tambur; saruni tarompét munya; Mundhing Tandegan tur aris.

1502. Prakawis para prawira; sampun kumpul wonten pasowan jawi; Badhak Cina ngandika rum; adhi Mundhing Tandegan; timbalana marang Léngsér dén agupuh; tabua bendé Si Bicak; tengah lun-alun dén aglis.

1503. Pun Léngsér nuhun sendika; tan antara bendé tinabuh nitir; satengahin alun-alun; jegur awong-awongan; pana ngungkung lepas sing sawaranipun; ngon(dang) dhateng wadya b bala; sumawon sarat nagari.

1504. Sadhaya pan sampun prapta; pana sesek alun-alun nagari; wong cilik muwah wong agung; angling Mundhing Tandegan; héh prawira atawa para para wong agung; sun dawuhaken timbalan; timbalan gusti niréki.

1505. Dhateng mantri lan punggawa; tatakena gagaman pacak baris; sadhaya humatur nuhun; sami nuhun sumongga; aprakawis gagaman sampuna kumpul; wis kantenan sewang-sewang; tan selang-surupa mangkin.

1506. Tumbak sami sareng tumbak; muwah bedhil asareng sami bedhil; bedhil agung samya agung; kalantaka lan lela; bedhil tinggar tarobos lan bataliun; wis kokorogi sadhaya; kabeh padha den baresih.

1507. Tumbak pedhang kedapena; keris abang kokoloh waranganing; wus pepek saprakoti/nu/pun; aja pegat macalang; iderena ganti baganti satambur; iderena jaba kutha; jro kutha jaganen aglis.

1508. Yen ana wong tambuh lampah; sumawona gagamaning tatami; kaya rupa rep anglurug; aja tata wicara; lamon adhoh gemen bedhilana jegur; la yen parek tumbakana; drelen lawan bedhil cilik.

1509. Prajurit matur sadhaya; gih sumongga sandika saur paksi; sumaur sareng gumuruh; soara wadya bala; Raden Mundhing Tandegan ngandika gupuh; dhateng raka Badhak Cina; prajurit padha nomneki.

LXI. S I N O M

1510. Héh raka sampun siaga; prakawis gagaman jurit; ing jero muwah ing jaba; palasta sadina iki; Badhak Cina pan angling; héh Mundhing Tandegan iku; lah adhi samangkana; sawadiné prayatnéki; palakara yén si adhi Girang Wayang.

1511. Iku agé umpetana; maring udiking nagari; wonten kebon gedhang simpar; pemunggas adhohing margi; wonten kang anunggoni; somahan tapi wus sepuh; andué garahita; aki-aki nini-nini; kang nunggoni ku si bayi Girang Wayang.

1512. Si bayi Kastorilarang; si bayi Kastoriwangi; kon padha angantéréna; sangking padhaleman iki; kén Badhak Cina angling; dhateng Girang Wayang gupuh; héh bayi Girang Wayang; aja gedhé cilik ati; anangkono ngong umpeti kebon gedhang.

1513. Matur Nyi Mas Girang Wayang; sumongga sakarsa mangkin; kaula boten lenggana; Badhak Cina ngandika /a/ris; Kastorilarang iki; agé anterena gupuh; Kastoriwangi samya; Girang Wayang dangdan aglis; rewangana bocah wadon mung satunggal.

1514. Héh Léngsér sira téréna; marang kebon gedhang aglis; bocah wadon kang satunggal; enggo ngemiti si bayi; Girang Wayang mangkéki; yén kirang kadaranipun; bocah wadon angkona; angalap dhateng nagari; angambilakenang lawan kang daharan.

1515. Tan pantara nulya budhal; énggal medhal dhateng jawi; nulya lepas lampahira; Si Léngsér iku kang ngiring; tan dangu nulya prapti; sadhaya sampuna lungguh; putri katiganira; Nyi Kastorilarang angling; rainira Kastoriwangi amojar.

1516. Lah raka ndika kantuna; kaula ngaturi lampit; iku ja bisa réréka; inggih dunga rai-rai; enggon singidan nini; boten wonten kang kayeku; boten wonten kang layak; ameng-amenga mariki; angandika kang raka Mas Girang Wayang.

1517. Rai Mas Kastorilarang; lan rai Kastoriwangi; iki adoh ming tatongga; atawa parek ng(ar)iki; wantu wong akéh mangkin; bok akéh kang tutur-tutur; marang tatamu ika; sumawona mungsuh prapti; wangsulana iku Nyi Kastorilarang.

1518. Raka lah tangled kaula; tan wonten puruk mariki; raka sampuna salempang; sadiweg simpar ngariki; ngandika mangké iki; Nyi Kastorilarang arum; Kastorilarang mojar; ka ki pangebonan mangkin; titipana iki lah sadhérék kula.

1519. Mas Girang Wayang wastanyah; bok ana kuranganékih; bocah wadon kon matura; malayu /dhi/(dhateng) nagari; inggih sandika mangkin; kaula tan wandé matur; sarta kula wawarah; marang bocah wadon iki; tan antara Kastorilarang lumampah.

1520. Sigeg lampah Girang Wayang; kocapa kunarpanéki; Radén Gambuh Margalaya; kumambang sakawanéki; tébéng wontening kali; tatalén pan masih kukuh; kalembak déning toya; sing tengah pernahé reki; pan kalembak dhumaténging pangasonan.

1521. Pangasonan kebon gedhang; kunarpa nyalad ing pinggir; tatapi ika kunarpa; masih waluya kang warni; bolong-basok tan keni; utuh masih warni bagus; laler singga tan karsa; wantu wangké wong linuwih; panayungan iang paksi kuntul anglayang.

1522. Wantu wangké wijil tapa; kathah ikang anulungi; terusing madu punika; rembes kusuma kang luwih; dhadhang ang-

rubung mangkin; agor suarané umyung; gagak pan bisa ngucap; héh batur payu tulungi; payungana punika warni kunarpa.

1523. Sigeg kangéning kunarpa; kocap Girang Wayang iki; kesah dhateng lépén é(ng)gal; aningali dhateng kali; surud kapatipati; ing uwit pan wonten manuk; lagi arurubungan; gagak kuntul angungkuli; Girang Wayang amurugi manuk kathah.

1524. Manuk nulya dipun gusah; padha bubara tumuli; katingal wangké kang papat; rinangkep dipun taléni; tatalén kusaréki; Nyi Girang Wayang sumaur; hémeng sajroning manah; iki wangké saking pundhi; mulanira nyalad wonten pangasonan.

1525. Ora kaya wangké ika; hémané ingkang satunggil; masih warnaning jajaka; bagus mancur warnanéki; cuba ingsun uculi; kang tali byar burak sampun; nulya tatu katingal; ting talé-wak dhadhanéki; tatunira agengé sakilan-kilan.

1526. Girang Wayang ngresing manah; medhal krana Allahnéki; sangking emaning bandusan; maca doa sanget luwih; sidakep suku siji; Girang Wayang aneneduh; dhateng Yang Guruputra; tan pantara nulya prapti; bayunira gremet-gremet jempolira.

1527. Girang Wayang asingidan; tinilar sadhéla iki; bandusan jenggélék lunggah; pamongmong samia tangi; Radén Gambuh ningali; mulat lor wétan lan kidul; sapa gesangi kitha; ing mangké tan katingali; angandika Radén Gambuh Margalaya.

1528. Kakang Parwakalih ika; sapa baya wongé iki; ingkang anguripi kitha; ing mangké tan katingali; yén wong lanang tua mangkin; sun angken bapa iki; wong anom sun aku dulur; atawa wadon tua; sun angken embok sayékti; yén wanodya anom angken duluring yyang.

1529. Krana gedhé trimaning wang; Girang Wayang alon mijil; mrepéki sing pungkurira; warnanira ayu lewih; sarta atatakeni; héh téja sulaksaneku; kados pundi andika; pejah sasarengan iki; wong sakawan rinangkep dados satunggal.

1530. Kaula ajeng uninga; darunanipun rumiyin; Radén Gambuh Margalaya; nulya énggal amangsuli; yén kula waunéki; sumangga kaula tutur; kula sing Nungsa Cina; ngamén dhateng Nungsa Bali; pan tinanggap kaula wonten paséban.

1531. Nunten kula tinimbalan; punika déning pawéstri; salebet pakuwonira; wayang-wuyungan kapanggih; diweg agring ing ati; kecalan saduluripun; wasta Nyi Girang Wayang; wastané putri punika; Nyi Mas Mayang Karuna bisikanira.

1532. Lagi taken mring kaula; lagi tatakon nagari; kula lagi amangsula; tembé ujar kula mangkin; wasta kula ing mangkin; winastanan Radén Gambuh; kula sing Nungsa Cina; sasampuné sapuniki; rakanira awéh jangji ming kaula.

1533. Miwah dhateng rainira; aja kongsi bedhug titir; enggon nanggap topéng ika; kasusu deng bedhug titir; tabuan durung muni; boten takon malih iku; rawuh gupuh anumbak; tan nanggé pariksa malih; dhateng kula muwah saréncang kaula.

1534. Kula binuang ming toya; putri pinajara wesi; Nyi Girang Wayang karuna; miarsa tuture iki; Radén Gambuh samangkin; Girang Wayang nangis asru; biang si adhi ika; Mayang Karuna samangkin; rakanira adat mucung barangasan.

LXII. PUCUNG

1535. Lah si adhi Mayang Karuna puniku; mandah dén/e/ témén(an); dén jamalani kakange; iku Kidang Andaru kabina-bina.

1536. Ia iku kang wasta Kidang Andaru; dulur kula misan; barangasan ing adaté; gih punika kang mejahi jeng andika.

1537. Nanging liwat sabaré dué sadulur; dhinusta ponggawa; sing gagana ku dhatengé; boten saged nusula ing kéné iya.

1538. Sampun tiba ing nagara Siem mutung; boten dén susula; bangga déréng uning mangké; gih si kakang kang a(wa)sta Girang Wayang.

1539. Gih si (ka)kang putri Nungsa Bali iku; denusta ponggawa; dinggo rerebutan mangko; langkung lemes sarira si kakang ika.

1540. Langkung inggil sompok srangénge anrawuh; wonten kang atapa; Badhak Cina ku wastané; arinira jujuluk Mundhing Tandégan.

1541. Katerajang déning ponggawa tatelu; kang ngagem si kakang; Gajah Mangkurat wastané; pan rinebut malih déning Badhak Cina.

1542. Kalih Mundhing Tandégan rinebutipun; pan nulya binakta; mudun dhateng nagariné; malah mangké tébéng anjaga nagara.

1543. Réh ponggawa ing gagana sampun muntuk; ming nagaranira; jeng anglurug Siem mangko; lan si kakang ing ngriki dén singidéna.

1544. Anang kebon gedhang simpar panggenipun; Radén Gambuh mojar; gih raka sampuna ngartos; yén makaten raka sumangga wangsula.

1545. Dhateng kebon gedhang mangkat sapuniku; raka Girang Wayang; Haris Kambang rumuhuné; Radén Gambuh lumampahing wurinira.

1546. Pan lumampah déniring pamongmongipun; tan antara prapta; ing kebon gedhang sakabéh; pagineman sadhaya ing kebon gedhang.

1547. Pan kasigeg ingkang lagi ginem iku; kocap ing nagara; ing Siem pagunemane; Badhak Cina kalawan Mundhing Tandegan.

1548. Animbali dhateng ingkang rainipun; héh Kastorilarang; Kastoriwangi marené; gé antera rakanira Girang Wayang.

1549. Kadaharan muwah suruh pucang iku; langkap panganana; ing kebon gedhang samangko; pana matur Kastorilarang sumongga.

1550. Bocah wadon dangdana tebok lan sumbul; pikulan gotongan; déniringaken Si Léngsér; adat Léngsér sakedhap anulya budhal.

1551. Nyi Kastorilarang lampahé rumuhun; Kastoriwangika; bocah wadon ing wingkingé; pan Si Léngsér iku ing mandhor gotongan.

1552. Tan antara sakedhap anulya rawuh; raka Girang Wayang; kapanggih wonten réncangé; tiang anyar kathahé tiang sakawan.

1553. Apitakon Kastorilarang agupuh; tamu pundi kakang; bagus temen ing warnané; kula raka ingutus ming Badhak Cina.

1554. Ing ngaturi kadaharan lawan sekul; Girang Wayang mojar; gih tarima ing samangké; Nyi Kastorilarang ngaturi wawekas.

1555. Wawelingé Badhak Cina sapunika; lan Mundhing Tandegan; aung peling sadhayané; dhumatenga dhateng raka Girang Wayang.

1556. Lagi dipun atos-atos sapuniku; krana wonten crios; para ponggawa sakabéh; ingkang wau rerebutan ing gagana.

1557. Ing carita sadina rong dina iku; enggonépun miang; anglurugi Siem mangké; Girang Wayang angling dhateng rainira.

1558. Héh Kastorilarang Kastoriwangiku; yén uwis karuan; ujaring béja samono; yén samangké si kakang sedih ing manah.

1559. Yén umpetan umpetan ming pundi iku; ora na kang béla; Radén Gambuh nyaur alon; heh raka mas sampun kendel jeng andika.

1560. Lah yén kedhah kéndalaken ing ngariku; krana yén singidan; ngungsi dhateng pundhi mangké; Girang Wayang papajar ming rainira.

1561. Adhiningsun Kastorilarang puniku; Kastoriwangika; kakang atur ujar mangko; dhumatenga raka emas Badhak Cina.

1562. Kalih Mundhing Tandegan gih sapuniku; lalakon si kakang; réh darbe bujang samangké; wastanira Radén Gambuh Margalaya.

1563. Saking Nungsa Cina ajeng ngamén gambuh; dhateng Nusa Balya; ngamen gambuh ku sajané; réncangira iku titiang titiga.

1564. Ngaran réncang Parwakalih ingkang sepuh; pindho Gelap Nyawang; Kidang Pananjung kang enom; kpi dhateng Nusa Bali pinejahan.

1565. Pinejahan sarencangé kabéh lampus; nulya dipun buang; ming kali iku wong kéné; kéli nyalad pangangsonan kebon gedhang.

1566. Nyi Kastorilarang sumangga amatur; dhumateng raka mas; Badhak Cina kula mangko; muwah dhateng raka mas Mundhing Tandegan.

1567. Sampun tutas raka Girang Wayang kantun; kaula matura; mit medhal kula ing mangké; gih sumangga tan antara nulya budhal.

1568. Tan adangu sakedhap anulya rawuh; nulya atur sem-

bah; dhateng Badhak Cina alon; muwah dhateng kang raka Mundhing Tandegan.

1569. Gih raka mas Girang Wayang haturipun; awon tan uninga; Girang Wayang pituturé; darbe bujang prajakah titiang anyar.

1570. Radén Gambuh Margalaya wastanipun; rewangé titiga; sing Nusa Cina wedalé; ngamén nopéng dhateng Nusa Bali ika.

1571. Dén pejahi iku ing sakawanipun; panulya kabucal; kentar bandusané mangké; nyalad wonten pengangsonan kebon gedhang.

1572. Nunten taken Badhak Cina kalihipun; lan Mundhing Tandegan; kaprimen lagi dedegé; pangadhegé iku wong ngénger punapa.

1573. Ing wong becik atawa wong ala iku; Nyi Kastorilarang; Kastoriwangi haturé; mungguh kula ingkang makaten punika.

1574. Warnanipun inggih kalintanga bagus; dédé sodé ara; ningku dédé tiang awon; warnanira satira amajang wulan.

1575. Badhak Cina pangandikanipun sukur; bagja kamanyangan; manawa sun tapa mangké; ia iku dinuluran déning dewa.

1576. Arep karya uger wesi dén agupuh; nyantélaken ing tali dom; tali karta bok mundur yén akukuha.

LXIII. D U R M A

1577. Pan kasigeg Siem ing nagaranira; kocap para ponggawi; ing satedhakira; ponggawi ing gagana; sami gunem wacanéki; sarencangira; yén ulon-uloneki.

1578. Nusa Lampung Kidul ulon-ulonira; Gajah Manglawu mangkin; ku jujulukira; maksih wonten kang nama; Mas Panji Walungan Sari; gagah prakosa; teguh bujana kulit.

1579. Dhedhegipun baberengos simbar dhadha; ulatipun ajrihi; godég woka panjang; tutuhu matanira; yén ngucap tan awawadi; kadi wong sasar; Girang Wayang dhi mami.

1580. Girang Wayang babu adhiné si kakang; ambungen pipi kalih; mangko dhi si kakang; mangko dadi kédanan; rahina wengi ngatoni; tingal si kakang; melok lir kadi sasih.

1581. Yén angucap lir péndah kunjana papa; matur adiné éstri; Panembung wastanya; raka aja mangkana; tan saé asedih kingkin; brongta wuyungan; sampun antaranéki.

1582. Akaruna kados pawéstri mangkana; eluh ja tibéng siti; panas ing prabawa; Gajah Manglawu mulat; sarya anggebreging siti; jiy olah dalah; komala déwa aji.

1583. Ji mas inten déwa ji pangarsa manah; bener ujar si bayi; kaya dudu lanang; dadiné samangkana; bok adingin nang ponggawi; punggawa kathah; payu adhi dangdani.

1584. Dangdanana kakendhangan ingkang éndah; warna cindhé calari; istop lan aléja; jamlang lawan budhidhar; antelas lawan érmresir; muwah sosoca; nila reta widur.

1585. Lan pakaja mirah inten lan lantakan; enggo patukon rabi; dhateng Girang Wayang; rara Panembang mojar; sumongga raka jeng rabi; sampun siaga; apa kang dénulari.

1586. Sampun pepak sagala dunya berana; Gajah Manglawu mangkin; medhal pangandika; marang Si Léngsérira; héh Léngsér mréné ya aki; sun ana karya; tatapi karya gati.

1587. Adat Légnsér gancanging wawangsulira; inggih nun kula gusti; kula medek tapa; angantos satimbalan; Gajah Manglawu nulya ngling; Léngsér ko gentak; kumpulana prajurit.

1588. Pilihana prajurit kang gagasingan; santana wadya alit; sagala kang bisa; asikeping gegaman; péstol tinggar bedhil baris; lan kalantaka; mariem dén kacangking.

1589. Kostapalé kudu padha dén siaga; kang badé anyumedi; tohok lawan tumbak; talempik lan bandrangan; panah tulup kalawan cis; tumbak kang cagak; pedhang teléwang badi.

1590. Pacuana gagaman tan ana wongan; pocok gulúné mangkin; mangko kareping wang; pan arep angruruga; nangara Siem dak ungsi; Léngsér matura; inggih sandika gusti.

1591. Punang Léngsér gupuh anabuh tangara; bendé tinitir-titir; nungnung ingkang swara; bala kathah miarsa; jro kitha miwah ing jawi; sadhaya kumrab; batur bendé punapi.

1592. Kang saweneh ana ngucap bendé gangsa; karuan gangsanéki; payua kumpula; yun weruh kang pratéla; wis kumpul kang ageng alit; sarat nagara; déning pratelanéki.

1593. Punang Léngsér andawuhaken timbalan; héh sarating nagari; padha éstokena; timbalan gustinira; Gajah Manglawu samangking; aja ngalamar; Siem kang dén lurugi.

1594. Wus anyikep prajurit sapraboting prang; kabeh sampun kacangking; prajurit sadhaya; muwah para santana; sawiji tan ana kari; kapan amangkat; wangsuling pra prajurit.

1595. Punang Léngsér gupuh amatur anembah; dhateng bandharanéki; Gajah Manglawika; satimbalan bandara; prakawis para prajurit; pan sampun sadya; ing alun-alun baris.

1596. Sru ngandika sang Gajah Manglawu ika; héh Léngsér sira gelis; agé uwarana; awak-awak bahita; jru batu lan juru mudhi; agé sadia; sun gupuh miang mangkin.

1597. Adat Léngsér singer pangwulanira; tétéla ngrungunéki; sakecap parentah; tan talangke malempat; parentah mring jurumudhi; heh wong bahita; mangko agé dhangdhani.

1598. Awak-awak perahu matur anembah; inggih sumangga gusti; sampun cumawisa; layar kantun binabar; kelatipun wis tinarik; jangkar cin(andak); (nulya balayar aglis).

1599. (Kocap malih Elang ngambang wus sadia; mariksa raiséki; Nyi Sekar Kambangan); badhé kanggé ngalamar; satimbaan raka mangkin; sampun samakta; gru bakal guru dadi.

1600. Amung kantun andédérék satimbalan; ngantos sarinten wengi; mangke Elang Ngambang; nulya aris ngandika; héh Léngsér uwis waradin; angunjal dunya; barana sosotyadi.

1601. Muwah mucat gagaman sapraboting prang; pun Lengsér matur aglis; gih nuwun bandara; sadhaya wis siaga; anéng alun-alun baris; wanéh bahita; sadhaya wis jumagi.

1602. Nulya gipih Sang Elang Ngambang ngandika; maranging raineki; heh Sekar Kambangan; payu ja kalayatan; padha miang dina iki; iku gamelan; sakabéh ja na kari.

1603. Degung banten pelog sakati lan monggang; badidang wijayéki; renténg tarompétya; suling lawan bangsingnya; Sekar Kambangan nauri; dhateng kang raka; sadhaya wus cumawis.

1604. Pan kasigeg lampahé Sang Elang Ngambang; lagi budhal samangkin; wonten malih kocap; iku ponggawi lian; punika jujulukneki; Andur Manggala; dening nagaraneki.

1605. Winastanan nagara Nusa Tanggala; darbé sadérék éstri; iku wastanira; Mas Ayu Andurlarang; sampun pepek padha nitih; wonten bahita; muwah para prajurit.

1606. Pan kumetab awak-awaking bahita; akéh sampun kacangking; kantun babar layar; gumuruh tan rurungyan; mung kantun anyumet bedhil; pan kapiarsa; marang koca ponggawi.

1607. Binarangan bedhil lawan bedhil kathah; pating jalegur muni; bedhil pirang-pirang; langkung ewon aleksan; rasa kumureb jaladri; lir rempag jagat; langkung peteng ngabelis.

1608. Lir wiwara peteng kukusing sondawa; tigang dina watawis; petenging buana; obor kinarya padang; damar malam damar lilin; wuh damar sela; damar padhang dén kanti.

LXIV. KINANTI

1609. Bedhil lan surak gumuruh; tambur badingdang saruni; bahita sadhaya budhal; sampun tan kari satunggil; sadhaya sami balayar; nagari Siem dén jogi.

1610. Sampun nengah layaripun; lir péndah susurung mijil; pan kadya sekar sarawa; layar lawan kecil; iber-iber lalayaran; joselup lan gendawari.

1611. Nyi Andurlarang amatur; anéng tengahing jaladri; héh kakang Andur Manggala; punika siraning bedhil; sora bedhil pirang-pirang; agengé angliliwati.

1612. Bedhil tiang pundhi iku; Kén Andur Manggala angling; bok sira ta ora wigan; iku bedhil pra ponggawi; sakabeh arep anglamar; sami Siem dén purugi.

1613. Mas Andurlarang amuwus; dhumateng kang raka aris; kathah temen unggelira; soaranè bedhil muni; péstol tinggar kalantaka; léla lantakon tarebin.

1614. Mariem gantang lan masbun; sambung tiga cara ilis; kathaing sanjata warna; kakang bedhil tiang pundhi; sumaur kang raka énggal; déning wedaling punggawi.

1615. Embuh yéktiné sadarum; sadhaya para ponggawi; langkung salawé nagara; kang ngarepi putri Bali; marang Déwi Girang Wayang; réh ayu angliliwati.

1616. Nanging sadéréké iku; gagah prakosa tur luwih; saktiné kabina-bina; kathah mantri burak-barik; lamon kurang bujanggana; yén tipis parajinéki.

1617. Kathah ponggawa ajujur; demang ngabéi sisirih; enom-enom tapanira; saupami ing tatami; aningali Girang Wayang; wong liwat gramena mampir.

1618. Wus mampir nginep wong iku; sababaktan dénaturi; nulya amerjakah pisan; bobabé kang awéh warti; saderéké aprakosa; Gajah Gumeter wastéki.

1619. Mas Andurlarang humatur; dhateng ingkang raka aris; kaula ajeng uninga; iku séweining ponggawi; kang raka sumaur énggal wedalé sawiji-wiji.

1620. Kasabrangan kabéh kumpul; nagarané siji-siji; karuan Nusa Kambangan; bethal Tulangbawang sami; Johor Minangkabo Badan; Banggala jugi Patani.

1621. Slang Kutur Butun Salangur; Ambon Makasar lan Bugis; Siak Ternaté lan Kampar; Rio Banjar iku sami; Nusa Lampung Balambangan; kang kersa padha nglurugi.

1622. Mangkana kumpul ing laut; kebak tengahing jaladri; sagara pan kadi asat; pan penuh déning sakoci; lawan petenging sondawa; datan pegat bedhil muni.

1623. Pitung dina pitung dalu; peteng sarya angimputi; kalumudan ampak-ampak; nurut gagana wiati; sigeg lampah pra ponggawa; kang alayaring jaladri.

1624. Nusa Siem kang cinatur; pan ingkang darbé nagari; wong agung langkung prakosa; prawira prajurit sekti; anjujuluk Badhak Cina; Mundhing Tandegan kakalih.

1625. Kang lagi agunem catur; kagét ngrungu sora bedhil; alangkunging kathaira; kadi galagah kabesmi; gumuruh tengah samodra; udan awu peteng prapti.

1626. Kadi guludhug kapitu; lir gelap kalimanéki; wulan kanem gumerira; tanpa rurungoning mangkin; tojo ujaring wanuba; saur Badhak Cina mangkin.

1627. Tan wandéa mungsuh rawuh; wis karasa jroning ati; réhing satengah sinedya; sbab kala ing wiati; wonten ponggawa cucungah; nerajang wong mangun teki.

1628. Para ponggawa sadarum; sing gagawa rebut putri; paparak Mas Cirang Wayang; muhung putri Nusa Bali; sapa sinten salah tampa; sapa terang manah becik.

1629. Boten wedi boten ujub; ponggawi kathah nglurugi; kados pundi ingkang mulya; Badhak Cina ngandika ris; dhateng ingkang rainira; Mundhing Tandegan wasteki.

1630. Rai primén akalipun; Déwi Girang Wayang mangkin; masih anang kebon gedhang; kaparimén becikneki; apa anteri gagaman; réh dué prajakah becik.

1631. Apa ta agé dén pethuk; marang kebon gedhang mangkin; mangsuli Mundhing Tandegan; babing makaten puniki; baing pangraos kaula; mangké pened dén pathuki.

1632. Karana kantenanipun; becik wontening nagari; supantena angantosa; ing enggon kathah anjagi; ngandika Kén Badhak Cina; Léngsér dhangdana dén aglis.

1633. Joli jolang muwah tandhu; kuda palana dén becik; enggo mapag Girang Wayang; dhateng kebon gedhang gipih; palana kuda kang éndah; enggo prajakahé becik.

1634. Pun Léngsér gancang amatur; nun inggih sandika gusti; dangdosan sampun siaga; satimbalan kang prayogi; Sang Badhak Cina ngandika; marang ingkang rai éstri.

1635. Héh rai dhangdana gupuh; Kastorilarang siréki; mangko gemen adhangdana; kalawan Kastoriwangi; agé lunga kebon gedhang; papag kakangira aglis.

1636. Mas Girang Wayang gé mantuk; énggal dhateng ing nagari; sarta praja(ka)he pisan; karana soara bedhil; kumrutug tengah samodra; tan wandéa mungsuh prapti.

1637. Nyi Kastorilarang matur; miwah Nyi Kastoriwangi; kaula datan lenggana; sumangga mianga mangkin; payu Léngsér gitakena; kuda tandhu miwah joli.

1638. Tan dangu abudhal gupuh; Léngsér tatakéna gelis; gulang-gulang ngagem pedhang; sakawan késah rumiyin; sadhaya nganggé rasukan; kuthang abang ngagem bedhil.

1639. Tumbak sulam mas amancur; sami késahé rumiyin; pepak saparabotira; kamantrén ageng karihin; sigeg kang lagi lalampah; tan adangu nulya prapti.

1640. Héh mas kula rawuh; Mas Girang Wayang ningali; sarta nulya takon énggal; apa rai mila prapti; apa pinotus kang raka; punapa karsa pribadi.

1641. Gih raka kula pinotus; Kén Badhak Cina ing mangkin; methuk raka Girang Wayang; sarta prajakané sami; mila dénaturi énggal; mungsuh kasabrangan prapti.

1642. Mengsah kala lagi rebut; sangking gagana wiati; mangké wis wonten tengara soaraning bedhil muni; sagara goyang golongan; peteng kukus anglimputi.

1643. Nyi Girang Wayang amatur; yén raka angundhang gipih; tan dangu anulya dhangdan; gelungipun dén singseti; dén wingkis kampuhe énggal; kekemben sasampur aglis.

1644. Mas Girang Wayang sumaur; marang rai kalihnéki; daweg rai énggal budhal; nun raka sumangga ngiring; tan antara nulya bubar; kang raka késah rumiyin.

1645. Girang Wayang wonten pungkur; anolih dhateng kang rai; Radén Gambuh Margalaya; daweg rai agé nitih; turangga sampun samakta; Radén Gambuh nulya nitih.

1646. Radén Gambuh nitih sampun; tan kantenan niba aglis; anulya tekang antaka; Girang Wayang aningali; gupuh bangsul marang wuntat; takon sarwi dén perpeki.

1647. Putri tiga takon gupuh; dhumatenging Parwakalih; kaparimen bapa tua; Radén Gambuh sarireki; angluh apa aranira; kantenan kalengger wingking.

1648. Parwakalih nulya matur; tan wikan kaula iki; pangangluhé sapunika; lagi soban sabaniki; emur sakitipun lawas; putri tiga maméteki.

1649. Wonten ingkang ananembur; saweneh kang amateki; maksih dereng anglilira; Raden Gambuh sukmaneki; anglayang ngunjuk samodra; kocap dewa ing jaladri.

1650. Dewan sagara puniku; layar lagi mamangseki; wondening wastaning dewa; wikan ingkang amastani; winastan Dewa Sagara; Aki Tua wastaneki.

1651. Buta Sagara kang sepuh; puniku sadulurneki; mamangsan nuruhing toya; Dewa Sagara kasreti; tan kenging denulu ika; anguwuh kakange aglis.

1652. Kang Buta Sagara ingsun; kula kalelegan iki; sumaur Buta Sagara; lepehena den agelis; Raden Gambuh sukmanira; ing elak-elakan angling.

1653. Mongsa oleh mutah iku; sun reja sinatrieki; mangko ingsun metu jaba; lamun sira den sanggupi; merangi (para) ponggawa; mungsuh sami anom sakti.

LXV. S I N O M

1654. Penggawa ing kasabrangan; mengko lagi anglurigu; nagara Siem dénsadya; Déwa Sagara nulya ngling; dhateng kang raka aglis; kang Buta Sagara iku; tegané sinatria; nang elak-elakan mami; ora karsa medhal raja sinatria.

1655. Nanging karsanipun medhal; kudu amung ananggupi; aprang lan para ponggawa; kasabrangan kathah sakti; salawé ing nagari; wikan kirang langkungipun; angling Buta Sagara; adhi sanggup baé gelis; lah yén kita ing kéné ngambah sagara.

1656. Déné raja sinatria; ngambah awang-awang mangkin; tur sembah Déwa Sagara; gih sumangga kula gusti; sanggup kula pamalih; jayad gusti lan Yang Agung; kula kalih pun Kakang; sabit kulit dén lakoni; pecah dhadha golontong sirah ing lemah.

1657. Mila kula sapunika; paneja kula sing dhingin; ajeng ulun kang ngawula; dhateng satria kang lewih; mangkin leksana gelis; tura putraning sang ratu; kaleseran kaula; lan pun kakang sami ngiring; bantu aprang kalawan para ponggawa.

1658. Wondening wasta kaula; pun Déwa Sagara iki; pun kakang Butha Sagara; punang sukma ngandika ris; Déwa Sagara mangkin; Buta Sagara mangkéku; tutena ujaring wang; sira nututi ing buri; lakunira nuli baé ming paséban.

1659. Sira anunggoni ingwang; ing paséban ingsun anti; ingsun ta arep mampira; marang kebon gedhang dhingin; sadhéla baé dhingin; agé mara sun rep metu; gupuh Déwa Sagara; mutahaken sukma aglis; ngungong medal pieng watara sakunang.

1660. Melik anéng awang-awang; Déwa Sagara agipih; kalih kang Buta Sagara; lampahira atut wingking; punang sukma amampir; kebon gedhang kang dén unung; Déwa Sagara ika; Buta Sagara anuti; marga dharat jog dhateng latar paséban.

1661. Nanging dhatan katingalan; tiang kathah tan udani; sigeg Sang Déwa Sagara; kocap Radén Gambuh iki; tebeng lagi tan éling; ing kebon gedhang sing wau; Dén Gambuh Margalaya; ing mangké karsa anglilir; tinakonan déning Nyi Mas Girang Wayang.

1662. Kados pundi rai emas; raos dika waunéki; mulané tekang antaka; tan kantenan mangkénéki; maras pisan ing ati; boking kadadawan ngangluh; dika ngangluh punapa; Raden Gambuh amangsuli; inggih raka lagi ing panyakit kula.

1663. Sakit kula saban-saban; lara asur sarireki; sumaur Mas Girang Wayang; boten karaosingmangkin; boten wicanten malih; yén wis walujeng Dén Gambuh; daweg sami lumampah; saur Girang Wayang mangkin; sigra budhal banjur sangking kebon gedhang.

1664. Mas Girang Wayang lumampah; Kastorilarang ing wuri; Kastoriwangi lumampah; upacarané rumihin; Radén Gambuh ing wingking; putri titiga néng ayun; banjur sabaturira; kang Parwakalih ing wingking; Gelap Nyawang Kidang Pananjung néng wuntat.

1665. Pun Léngsér ing wuri pisan; bocah wadon kang déniring; tan antara nulya prapta; dhateng lawang kutha gelis; jog alun-alun aris; nulya njog paséban bandung; gupuh Kén Badhak Cina; Mundhing Tandegan ningali; ing pasowan énggal methuk dhateng latar.

1666. Bagé adhi Girang Wayang; gih nuhun kaula prapti; punika raka prajakah; Radén Gambuh wastanéki; awon tan uninganí; dhateng raka mas puniku; ja ndika bagékena; Badhak Cina anauri; héh adhi mas Radén Gambuh Margalaya.

1667. Ajeng ngandika katuran; Mundhing Tandegan nulya ngling; sami daweg ngaturena; rai pun kakang ngaturi; Radén Gambuh mangsuli; inggih raka emas nuhun; pana krama kang raka; kalangkung kasuhun mangkin; astanira sinambut dé Badhak Cina.

1668. Nunten dipun linggihena; linggih anéng korsi gadhing; Ken Badhak Cina ming andap; Mundhing Tandegan pan sami; Badhak Cina tur aris; énggal dhateng Radén Gambuh; héh Dén Gambuh ja ndika; Radén sampun walang galih; lenggahana korsi gadhing gih punika.

1669. Pun kakang darma ngadua; panedya pun kakang dhingin; sampun kawedal sadhaya; ming Girang Wayang rumihin; Radén Gambuh mangsuli; inggih raka kula nuhun; pana krama raka mas; sigeg tebeng linggih korsi; korsi gadhing Radén Gambuh Margalaya.

1670. Kocapa para ponggawa; kasabrangan sampun prapti; sampun wontening muara; Nungsa; Siem kang dén ungsi; sadurungé aranji; lami babar layar labuh; sapinggiring muara; seseg jejel kapal keci; babarengan anumed bedhil sadhaya.

1671. Jegur ugur-ugur mubyar; soaraning bedhil muni; kadya gumurebing lemah; ing Siem peteng limputi; tan pegat bedhil muni; pitung dina pitung dalu; peteng kagila-gila; ing dharatan ing jaladri; datan kena yén lalampah datan damar.

1672. Sasampuné sapunika; gupuh aranjing ing kali; batur aja kasuéan; kadinginan ing ponggawi; bok prahu séjén dingin; para ponggawa gumuruh; padha nimbalan bala; galah dayung lan sakait; seronana santolo sambongge gawa.

1673. Tan pantara sami prapta; labuhaning kang miranti; waném nyambong waneh nancang; ingkang layar wis giniling; ngandika pra ponggawi; héh batur padha tumurun; awak-awak bahita; lawan wadya bala alit; ketab budhal gumuruhngur wadya bala.

1674. Céwoh kumetab ing dharat; cékcok suaraning jalmi; lir manyar paturon prapta; tunggang cala wancinéki; mungguh pinggir pasisir; kalalén madin genipun; udiking pamidhangan; margi dhateng padeg mangkin; pan ibarat upama ing Pamanukan.

1675. Para ponggawa ngadika; ming sawadya balanéki; aja céwoh tan karuan; bok kaburua ing wengi; agé bral ngalap epring; kang sawanén ngalap kayu; kang ngalap alang-alang; sawanéh ngalap tatali; adhangdhana ngurus tata pasanggrahan.

1676. Aja salah enggonira; sakanca saréwangnéki; penggawa sewang-sewangan; mangko wis dadi sawiji; ketabena wong cilik; kang merang pring merang kayu; kocap soara merang; kadi galagah kabasmi; ting galeprak gumuruh dadi satunggal.

1677. Tan pantara sampun rupa; pasanggrahan sadhayéki; katut papanggungan pisan; ngandika para ponggawi; marang nyanganéki; bocah mara gémén nabuh; kabéh gamelanira; badingdang lawan saruni; gitakena tabuh bendhé kabuyutan.

1678. Sasampun nabuh tangara; breng sakabéh padha muni; tambur tarompet barengan; degung banten lan sakathi; gong rén-

téng padha muni; sakubenging alun-alun; lun-alun pasanggrahan; wau kang para ponggawi; pra ponggawa kasabrangan suka bungah.

1679. Samia bungah sadhaya; rahina kalawan wengi; datan pegat sukan-sukan; pitung dina pitung wengi; ronggéng topéng lan ringgit; badhaya lan pencanipun; wayang wong wayang cina; golek titil lan kalitik; babarongan nayub lan arak-arakan.

1680. Sasampun arak-arakan; ngandika para ponggawi; padha nyukani paréntah; sawadya balané gipih; Léngsér kabayan ngriki; ngucap gawé kuwu dusun; wadana pra lulurah; santana arep lan buri; tatakena iku saparaboting prang.

1681. Pun Léngsér kabayan nembah; padha sami matur ngiring; saweneh matur sumongga; saweneh matur suwawi; punapa terap krihin; mandhor warenén sumaur; bari angilo surat; pernahé sawiji-wiji; ujar surat dingenan terap bandéra.

1682. Dén kukuh kelad bandéra; sing duhur petiting epring; pambrih teges ing kadohan; cicirén tiang nagari; kawruhan siji-siji; wedalé para wong agung; bandéra warna-warna; ana ireng ana kuning; supayané aja saliru ponggawa.

1683. Wuh trap tunggul pajimatan; umbul-umbul jajar kalih; lawan tumbak pangawikan; lawé rontéké binaris; bandrangan tohok lembing; kalantaka bedhil agung; péstol tinggara gantang; bedhil kéla lan tarebin; pernahira aja adoh lan bandéra.

1684. Pan maning dén pernahira; tambur tarompét saruni; ing pungkur dén pernahena; gagaman ruket sapalih; padha ngurus pribadi; bandring tumpas la(wa)n busur; gegendhir lan pranggolong; taméng pedhang lawan tamsir; lan garanggang jamparing suligi panah.

1685. Gagaman kang sapunika; kang parek bandéranéki; wondéning mariem tinggar; kalantaka guthuk api; garnat gurnada mangkin; pareking bandéranipun; dopi sampuna tata; gagaman para ponggawi; angandika para ponggawa sadhaya.

1686. Marang rai-rainira; ingkang sumaur karihin; Kén Gajah Manglawu sigra; Mas Panji Walungan Sari; marang kang rai aris; héh rai Rara Panembung; agé adhi minggaha; marang papanggungan aglis; atinjoa si kakang maju pangprangan.

1687. Sumaur Sang Elang Ngambang; marang adhiné pawéstri; héh adhi Sekar Kambangan; agé munggahana gelis; ing papanggungan inggil; tinjoa si kakang tarung; maju ayudabrata; rebut putri Nusa Bali; pra ponggawa agung anembang kasmaran.

LXVI. ASMARANDANA

1688. Sumaur para ponggawi; sadhaya ujar satindak; datan ana ing bédané; sami padha kén aminggah; dhatenging papanggungan; sumaur pareng gumuruh; gumering tanpa rurungon.

1689. Jalak Mangprang ngandika ris; wah saur Banyak Patégang; Kuntul Wulung kalimané; Dipati Mraja Honengan; Gagak Wulung punika; Andur Manggala kawolu; Téjalarang Téjamentrang.

1690. Gajah Buana ku malih; lapaniku Téjabumbang; Gajah Mangkurat saminé; padha bareng animbalan; jebrod pan kadi gelap; bareng saur pra wong agung; gumuruh wor bala kathah.

1691. Padha kon munggahing inggil; kon munggahing papanggungan; Rara Panembungan dinginé; wah Rara Sekar Kambangan; mara Nyi Andurlarang; Nyi Campakalarang payu; Campakawangi munggaha.

1692. Honenglarang anang inggil; Angsanalarang munggaha; Asokawangi maréna; Tanjunglarang Tanjungrancang; Gegelang Sir Déwata; N(ya)i Girang Panji payu; padha munggah papanggungan.

1693. Saliring kang para putri; kebat minggah papanggungan; sampune ningal sakabéh; sumaur para ponggawa; para putri sadhaya; mula kon minggah ing luhur; tontonen si kakang aprang.

1694. Wis minggah kang para putri; para ponggawa ngandika; padha anguwuh sakabéh; marang Nyi Mas Girang Wayang; mara

adhi si kakang; ngur sumaur kadya gugur; marang rai Girang Wayang.

1695. Sigeg saur pra ponggawi; kocap salebeting kitha; lebet kitha Siem mangké; Radén Gambuh Margalaya; anulya angandika; raka Badhak Cina iku; lan raka Mundhing Tandegan.

1696. Héh raka-raka dipati; mangké sumangga ja ndika; nimbali minggah dén agé; dhateng raka Girang Wayang; muwah Kastorilarang; Kastoriwangi puniku; bareng minggah papanggungan.

1697. Pra nyai bok jeng ningali; pengkering tiang paprangan; Kén Badhak Cina sauré; kalayan Mundhing Tandegan; inggih radén sumangga; tan talangké nulya saur; héh kang rai Girang Wayang.

1698. Kastorilarang samangkin; Kastoriwangi dén énggal; medal padaleman mangko; padha minggah papanggungan; raka inggih sumangga; karana wong sabrang iku; barisé sampun tinata.

1699. Mas Girang Wayang wis prapti; miwah Nyi Kastorilarang; Kastoriwangi saminé; sumaur Mas Girang Wayang; sumangga raka emas; munggah rumuhun ing luhur; Kén Badhak Cina aminggah.

1700. Sadhaya sampuning inggil, énggal pra nyai ngatona; saduhuring panggung agé; kakang gawé saémbara; sadhaya sampun minggah; Badhak Cina pana lungguh; kalawan Mundhing Tandegan.

1701. Dopi yén sampuna linggih; Kén Badhak Cina ngandika; dhateng pra ponggawa kabéh; anguwuh punggawa sabrang;

héhéh para ponggawa; manawi ana kang tambuh; iki apa Girang Wayang.

1702. Waspadhakena karihin; iku aja katambuhan; pratélakena warnané; saduhuring papanggungan; nanging para ponggawa; aja gémén pondong pangku; yén kutha Siem drung gubrak.

1703. Maranging para ponggawi; ngur gumuruh wangsulira; inggih sampun kantenané; prayogi ingkang dén tedha; inggih daweg sumangga; waném sawawi wawangsul; dhumateng Kén Badhak Cina.

1704. Para ponggawa anggipih; padha anguari bala; héh Léngsér Léngsér sakabéh; kabéh ingkang wadya bala; padha nabuh tangara; bendhé kabuyutan Lampung; iku tatenggering aprang.

1705. Pun Léngsér gupuh mangsuli; inggih nuhun satimbalan; sampun samakta sakabéh; saparaboting kang aprang; bedhil sampun dén wengkang; sadhaya mung kantun jegur; tumbak denunus sadhaya.

1706. Tumbak kantun anumbaki; panahé sampun pinentang; mung kantun pinesat baé; brangkolang wis cinekelan; waném nyrekel garanggang; bandring wis dénisi batu; kantun dén guthuk kentasa.

1707. Céwoh ngurus bedhil cilik; péstol tarebin lan tinggal; mimis obat lan patrume; iku wis padha siaga; saréaning wawarah; ujaré terwit ja patrum; mares metot lengsidaplan.

1708. Rantaka denurus gipih; gantang lela kalantaka; mariem dénurusaké; mimisé sampuna kathan; garna lawan gurnada; bolangbaling kembang anggur; sami jolongan kalapa.

